ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЗРЭ КЪЫДОКІ

№248 (23.156) • 2015 гъэм дыгъэгъаазэм (декабрым) и 29, гъубж • Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ • И уасэр зы тумэнщ • adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

«Дыгъафіэ къалэр» къыззіуахащ

Щэбэт кІуам Налшык къыщызэІуахащ «Дыгъафіэ къалэ» творчествэмкІэ сабий академиер. Махуэшхуэм хэтащ УФ-м егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ и министр Ливанов Дмитрий, КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Юрий, УФ-м и Президентым и полномочнэ лЫкІуэу КИФЩІ-м щыІэм и къуэдзэ Поков Валерий, Хабзэмкіэ Урысей къэрал университетым и ректор Ершов Валентин, УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым КъБР-м къыбгъэдэкІ сенатору щыІэхэр республикэм и Парламентым. Правительствэм я Унафэщіхэр, жылагъуэ лэжьакІуэхэр, республикэм и щыналъэхэм къикІа сабийхэр, нэгъуэщІхэри.

КъАФЭМРЭ джэгумрэ щыкуэд «Дыгъафіэ къалэм» сабийхэм я дыхьэшх макъыр дзэ хъуат. Псэущхьэхэм ещхьу хуэпа ныбжьыщІэ щыкІуэхэмрэ зэхьхьэ дахэм къебкІуэлІа сабийхэмрэ метр пщыкІуэ зи лъагагъ псей щІэращІэм и хъуреягъыр къафыхьырт. Академием и пщІантІэм и уэрам щыкІуэхэм сабийхэм я Іэдакъэщіэкіхэмрэ я зэфІэкІхэмрэ щагъэлъагъуэрт. А псори ягъэдахэжьырт къахэпсэ дыгъэ нэбзийхэм.

- «Дыгъафіэ къалэ» творчествэмкІэ сабий академиер лъэныкъуэ куэдкІэ сабийм и къэухым зыщрагъэужьыну Іуэхущапіэщ, - жиІащ КъБР-м и Іэтащхьэ **КІуэкІуэ Юрий** зэІущІэр къыщызэІуихым. - Абы папщІэ дэ егъэджакІуэ, гъэсакІуэ нэхъыфІхэр къыхэтхащ. Зэфіэкі зыбгъэдэлъ ныбжьыщІэхэм заужьынымкІэ «ДыгъафІэ къалэм» къалэныщхуэ игъэззэщІэнущ, ар гъуаззэ яІэнущ еджапІэ псомкІ. Абы хэтщ сабий зэчиифІэхэм папщІэ интернат щыкІэу къыззэгъапэца лицей, сабийм и гупсысэм пасэу зезгъэужь еджапІэ. Уэрэд жыІэнымкІэ, сурэт щІынымкІэ, спортымкІэ, нэгъуэщІхэмкІи ныбжьыщІэхэм щадэлажьэнущ. Робототехникэм, нано, IT технологиехэм, прикладной творчествэм, компьютерхэм, техникэ моделированием щыхуагъэсэнущ, правовед ныбжьыщІэм и школ щыпэжьэнущ. Академием апхуэдэ къудамэ къыщыізэІутхыныбмкІэ УФ-м и Суд Нэхьыщхьэм и Унафэщі Лебедев Вячеслав сэбэп къытхуэхъуащ. Абы и фІыгъэкІэ щІэблэм хабзэр ящІэу, емрэ фІымрэ яхуэзэхгъэкІыу къэтэджынущ, ныкъуэсэбэпынущ Іэщ1агъэ яхуэхъунур къыщыхахкІи. Академием «Ныбжьыщ1эхэм я технопарк» къыщызэІуахыну я мурадщ, - жиІащ КІуэкІуэм.

Ди къэралым и Президент Путин Владимир Федеральнэ Зэхуэсым Зэрызыхуигъэзам сабийхэр щрагъаджэжкІэ иджырей зэманым къеззгъэ Іэмэпсымэхэр къагъэсэбэпыну, ныбжьыщІэм и зэфІэкІым зыщригъэужьын, ар гъащІэм къыщигъэсэбэпын Іэмал иІэну, спортым дихьэх ныбжьыщІхэри зыхуейкІэ къызэгъэпэщІытхэри къызэрыхигъэщам тету академиер зэрагъэпсар жиІащ КъБР-м и Іэтащхьэм.

Академиер зыухуахэм, сабийхэм ильэсыщІэ тыгъэ гуапэ хуащІынымкІэ я зэфІэкІ емыблэжу лажьа псоми фІыщІэ яхуищІащ КІуэкІуэ Юрий.

- «ЦІыхур цІыху зыщІыжьыр абы и сабиигъэуи гуфІэгъуэ къигъэхъуапІэу иІарщ», - жиІэгъащ совет егъэджакІуэ Сухомлинский Василий. Сыщогугъ мыбы ныбжьыщІэхэм гъэсэныгъэ щыхалъхьэну, Темыркъан Юрий, Сокуров Александр, КІыщокъуэ Алим, Купиев КІуайсын хуэдэ цІыху щІэращІэхэр къыщыхэкІын щрагъэджэну. Ильэсыщ1э къэблагъэр псоми фхуэфІыну сынывохьуэхъу! - захуигъэзащ КІуэкІуэ Юрий къыззхуэсахэм.

- Къэбэрдей-Балъкъэрым и тхыдэм дежкІэ хуабжьу махуэшхуэщ нобэ, - жиІащ Ливанов Дмитрий. - Сабийхэм я зэфІэкІым зегъэужьынымкІэ, абыхэм я мурадхэр кьехъуІэнымкІэ, лъэпкъым къыдэгъэгурыкІуэ Іэпщ1элъапщІагъэр къащтэжьынымкІэ хуабжьу щхьэпэнущ мы Іуэхущ1апІэр. Мыбы фІагъкІэ пэхъун Кавказ Ищхъэрэм иткъым.

Республикэм и унафэщІым егъэджэнигъэ І1энатІэм зегъэужьыным Іуэху щхьэпэ куэд зэрызэфихыр къыхэгъащ1ащ къэпсалъэм.

Метр зэбгъэзэнатІэ миний зи инагъ ухуэныгъэр иджырей мардэм тет Іэмэпсымэкіэ къызэрагъэпэщыным республика бюджетым къыхэкІыу сом мелуани 180-рэ трагъэкІуэдащ. Сабий мини 5-м нэблагъэм щдэлэжьэну Іуэхущапіэм и унафэщІ **Хьэсанэ Ислъам** зэрыжиІамкІэ, академием лэжьэн щІидзэмэ, абы уезышхэІэну транспортыр куэдкІэ нэхъыбэ яІыну я мурадщ.

ЩІэныгъэм и дыщэ Іэнкі Бзэзіуэхыр КъБР-м и Іэтащхьэм яІэщІилъхьащ зэпеуэ, зэхьэзэхуэ зэмылІэужьыгъуэхэм щытекІуа ныбжьыщІэхэм.

Хьэщ1эхэм «ДыгъафІэ къалэм» зыщрагъэпЛъхьащ, ар Іэмэпсымэрэ унэлъащІэкІэ къызэрызэпэщ1ар иратегъэпсыгъуащ. КьыхэгъэщІыпхъэщ зи Іэпкъльэпкъым дерт иІэ сабийхэр тыншу мыбы щызекІуэфын хуэдэу уху ныгъэхэр зыхуей зэрыхуагъэзар.

Республикэм и Іэтащхьэм академием автобуситІ тыгъэ хуищІащ. Гуфіэгъуэ махуэшхуэм кьрихьэлІа сабийхэм Уае Дадэр екъуэхъури, псей лъабжьэм щагъэпщкІуа ильэсыщІэ саугъэтхэр яхуигъэзащ.

Ильэсыщ1эпежьэу а махуэм сабийхэм я нэгу щІагъэкІа таурыхъыр, шэч хэмылъу, дэтхэнэми гукъинжь щыхъунущ.

ЩОМАХУЭ Залинэ.

● ЩІЭ

КІУЭКІУЭ Юрий: Наркотикхэр мылъку хэкІыпІэ зыщІа зы щІэпхъаджащІэ гуп къыщІэбгъэщмэ нэхъыфІщ, зыри къызэрымыкІ къэпщытэныгъэу минхэр ебгъэкІуэкІ нэхърэ

Наркотикхэм япэщІэтыныгъэ республикэ комиссэм мы гъэм и иужьрей зэІущІэр ирегъэкІуэкІащ КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Ю. А. Абы хэтащ федеральнэ инспектор Глушенко В. В., КъБР-м и Парламентым и Унафэщі Егорова Т. Б., КъБР-м и Правительствэм и Унафэщі Мусуков А. ТІ., суд хабзэхъумэ Іэнатіэхэм я унафэщІхэр.

КъБР-м и Правительствэм и Унафэщ1ым и къуэдзэ - КъБР-м узынШагъэр хъумэныбмкІэ и министр Шэт И. М., къэрал кІуэцІ Іуэхущхэм я министру КъБР-м щыІэ Ромашкин И. К., УФ-м Наркотикхэр зэрызэблагъэкІым кІэлъпІэныбмкІэ и федеральнэ къулыкъущІапІэм и Управленэу КъБР-м и унафэщІ Сокъур О. Хь. сымэ ящІа докладхэм едэІуа нэужь КъБР-м и Іэтащхьэм жиІащ наркотикхэм япэщІэтыным теухуауэ ведомствэхэм ирагъэкІуэкІ лэжьыгъэр нэхъ тэмэму зэгъэуІун, наркотикхэм я лъэныкъуэкІэ щыІэ щыткІыкІэр егъэфІэкІуэным хухах ахъшэр сэбэп пылъу къызэрагъэсэбэным кІэлъпІплъэн зэрыхуейр. Мы гугъуехым къеГъуэ, жиІащ республикэм и унафэщІым, зыхуэфащэ министерствэхэмрэ ведомствэхэмрэ я пэжьыгъэр зэпэлъытауэ ирагъэкІуэкІын хуейуэ. Къэбэрдей-Балъкъэрым и дежкІэ иІэ мыкъэнэр къэлъытауэ, наркотикхэр зэрызэблагъэкІым теухуа бжыгъэхэм зыдемыгъэхъэхуэ, щытыкІэ тэмэм зэтегъэуэвэжьным кІарууэ щыІэр екъэлІапхъэщ. «Наркотикхэр мылъку хэкІыпІэ зыщІа зы щІэпхъаджащІэ гуп къыщІэбгъэщмэ нэхъыфІщ, зыри къызэрымыкІ къэпщытэныгъэ минхэр ебгъэкІуэкІ нэхърэ», - жиІащ КІуэкІуэ Юрий.

ЗэІущІэм хэтахэм адэкІэ елэжьыжьын папщІэ къащтащ 2016 гъэм терроризм пэщІэтыныбмкІэ комиссэм зэфІигъэкІынхэм я планыр.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ1апІэ.

Гу зылъытапхъэ

КъБР-м и Іэтащхьэм и Администрацэм щолажьэ коррупцэм пэщІэтыным теухуауэ пІэщІэгъуэкІэ цІыхухэр здэпсалъэ хъун телефонхэр: **8(8662) 40-89-70, 40-34-32**.

КІуэкІуэ Юрий УФ-м и МЧС-м и лэжьакІуэхэм Къегъэлакіуэм и махуэмкІэ йохъуэхъу

Республикэм и Іэтащхьэм Урысей Федерацэм и МЧС-м и Управленэ нэхъыщхьэу КъБР-м щыІэм и лэжьакІуэхэмрэ ветеранхэмрэ яхуигъэхьа хъуэхъу тхыгъэм итщ:

«ДэІэпыкъуэгъу хуэныкъуэхэм я деж япэу нэс къэрал Іэнатіэр къызэрызэрагъэпэщрэ илъэс 25-рэ ирокъу.

А Іуэху мытынышр, ауэ псори зыхуэныкъуэр, езыхьэкІхэм я къалэн нэхъыщхьэр сыт хуэдэ гугъуехьми и зэманым пэджжэныырщ. КъегъэлакІуэхэр мызэ-мытІэу хэтащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и щІыналъэм щыкІуэкІа къызэрымыкІуэ щытыкІэхэм я лъэужьхэр гъэзэкІуэжьыным, апхуэдэ къызэрымыкІуэ щытыкІэхэр къэмыгъэхъуным пыщІа лэжьыгъэхэм. МЧС-м и лэжьакІуэхэм я егугуныгъэкІэ къалэжьащ республикэм щыпсэухэм къыхуащІ пщІэмрэ дзыхьымрэ. Нобэрей гуфІэгъуэ махуэм сыныводхъуэхъу мамырыгъэ, фІыгъуэ, ефІэкІуэныгъэ фІиэну, нэхъыщхьэ дыдэр арщи, фызэлэжьыну гуэвэгъуэхэр куэдрэ къыкъуэмыкІыну».

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ1апІэ.

Мелуан 22-рэ хуэмыщІауэ мэпсэу

Ди къэралым щыпсэухэм я бжыгъэр 146.267.288-рэ мэхъу, УФ-м Статистикэмкіэ и комитетым ми илъэсым и пэщІэдзэм ирихьэлІэу зэритхамкІэ.

«Абыхэм ящыщу мелуан 22-р хуэмыщІауэ мэпсэу. Нэхъ дыдэу гъэгъазэри тхьэмыщкІэхэм, зыхуей хуэмызэхэм я нэхъыбапІэр сабий зыщІэс унагъуэу зэрыщытырщ», - жиІащ УФ-м и Правительствэм и Унафэщ1ым и къуэдзэ Голодец Ольгэ. Вице-премьерым жиІащ абыхэм защІэгъэкъуэныбмкІэ къэралым и пщ1а къалэнышхуэ къыззрыдэхуэр икІи ахэр гъэзащІэным хуэгъэза программэ щхьэхуэхэри щыІэщ.

«Къэралыр зыхэт экономикэ гугъуехьхэм, псом япэрауэ, кьриІуащ лэжьакІуэхэм я улахуэхэм кІэрыхуныр. Куэдым я псэуІэр екІэкІуэныр къыхэкІари аращ, - жиІащ вице-премьерым. - ЦІыхухэм Іэнатіэ яІэным хуэгъэза программэм ипкъ иткІэ яубзыхуахэр зэрыІэгъэкІа хуэмы, щытыкІэ гугъэм абы и фІыгъэкІэ цІыху минищэм щІигъу къикІами, къэрал дэІэпыкъуныгъэ хуэныкъуэхэм я бжыгъэр иджыри куэд мэхъу».

Нэхъ гурыхуэ дыдэр наІуэ къохъу

Китайм щыщ Цзинань къалэм иджыблагъэ щекІуэкІащ гурыхуагъэмкІэ дунейпсо чемпионат - мемориадэ жыхуаІэр. Ар илъэс 24-рэ хъуауэ къызэрагъэпэщ.

Абы кърихьэлІат дуней псом щынэхъ гурыхуэ дыдэхэм ящыщу цІыху миным щІигъу. Зэпеуахэм я нэхъыщІэр илъэс 13, я нэхъыжьыр илъэс 60 хъурт.

Зэпеуэ гъэщІэгъуэным щытекІуащ КНР-м щыщ, илъэсипщІ зи ныбжь Цзяшо Янь хъыджэбз цІыкІур. Зы сихьэтым хуэрыбыдэу абы бжыгъэ 1080-рэ игу ириубыдэфащ. ГъэщІэгъуэнт куэдзэркэмкІэ ирагъэкІуэкІа зэпеуэри. Куэзыр 646-рэ зэхагъэзэрыхьщ, ахэр стІолым хутралъхьэри, Янь ириКІуэрэ абыхэм ирагъэпІлъащ, иужькІэ я «джанэхэм» фІэкІа умылъагъуу къызэрагъэдзэкІыжащ. Хъыджэбз цІыкІым абдежми зыри щІыззхигъэззэрыхьакъым: куэзырым и цІэр ириІуэмэ, ар къызэрагъэдзэкІыкъуэм щІыгъэжьыфащ сыт хуэдэр дэнэ деж щыІыми.

Мемориадзр зэрекІуэкІ 1991 гъэ лъандзрэ я зэхьэзэхуэм щытекІуаэхэм я нэхъыщІэ дыдэщ Янь.

НІОБІЭ

♦Ирландиеи и Конституцэм и мазэщІ

♦1902 гъэм Москва къыщыщзэІуахащ «Национальнэ» хъэщІэщІр.

♦Урысей императрицэ (1741 - 1762 гъэхэм), Петр Езанэм ипхъу **Елизаветэ** къызэралъхурэ илъэс 306-рэ ирокъу.

♦Тхакіуэ, КъБР-м щІыхь зиІэ и журналист **Гъэунэ Борис** къыщалъхуа махуэщ.

♦Дунейпсо Олимп Комитетым и президент **Бах Томас** и ныбжьыр илъэс 62-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык пшэр техьэтІыкІу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градуси 6 - 8, жэщым градуси 2 - 3 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар **ЖЬЭКІЭМЫХЪУ Маринэщ.**

Лъэпкъ Іущыгъэ:

Щэ зыгъэдэІуэфыр щэ я уасэщ.

Лъэстэн З. Хь. «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щІыхь зиІэ и юрист» цІэ лъапІэр фІэщыным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

Законым зэрытетымрэ хабзэмрэ гъэбыдэныкІэ фІыщІэ зэриІэм икІи илъэс куэд лъандзрэ тэмэму зэрылажьэм папщІэ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щІыхь зиІэ и юрист» цІэ лъапІэр фІэщын **Льостэн Залым Хьэзрит и къуэм** - Налшык къалэм и прокурорым.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Юрий

Налшык къалэ
2015 гъэм дыгъэгъаазэм и 28-м
№191-УГ

КІУЭКІУЭ Юрий: Европэр апхуэдэ лъагапІэхэм нэсакъым

Москва къикІа хьэщІэхэр. Ливанов Дмитрий, Горчев Олег, Кузнецов Лев сымэ.

Іуащхьэмахуэ лъапэ бгы лыжэкІэ къыщыщажьхь зэманыр къыщызэІуах махуэм лажьэу яутІыпщащ метр 3847-рэ зи лъагагъ щІыпІэм нэс кІуэ кІапсэ гъуэгум и ещанэ Іыхьэр.

ТХЬЭМАХУЭ махуэ кІуам Іуащхьэмахуэ лъапэ гуфІэгъуэ зэхьхьэ щекІуэкІащ «Мир» станцым щегъэжьауэ «Гарабаши» станцым нэс кІуэ, Европэм щынэхъ лъагэ дыдэу щыт кІапсэ гъэсугущІэр, апхуэдэу бгы лыжэхэмкІэ къыщажьхь гъэсугу километритІым нэблагъэ хъур хъэзэрызэІуахым теухуауэ. Абы хэтащ Урысей Федерацэм Кавказ Ищхъэрэм и Іуэхухэмкіэ и министр **Кузнецов Лев**, Урысей Федерацэм егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ и министр **Ливанов Дмитрий**, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ **КІуэкІуэ Юрий**, «Кавказ Ищхъэрэм и курортхэр» акционер зэгуэныгъэм и генеральнэ директор **Горчев Олег** сымэ.

Хьэщ1эхэр псом япэу еплъащ зызыгъэпсэхуэхэм зыхуеину Іэмэпсымэхэр бэджэнду езыт Іуэхущ1апІэу Азау хуейм щыІэм, спорт щыгъынхэр щащэ тыкуэным, Іуэхутхъэбзэ зэмылІэужьыгъуэхэр зэфІэзыгъэкІ центрым. КІапсэ гъуэгущІэр щежьэ «Мир» станцым нэс дэкІуейхэри, унафэщІхэм псальэ гуапэкІэ зыхуагъэзащ курортым зыщызыгъэпсэхуэхэм, адрей хьэщІэхэм.

Кузнецов Лев уху кІуэхэм фІыщІэ яхуищІащ къурш щІынальэм зэман кІэщІым кьриубыдэу апхуэдиз лэжьыгъэ зэрыщрагъэкІуэкІам икІи кІапэщІыт кІалэн псори зэрагъэзэщІам папщІэ. «Зыхуэбгъадэн щымыІэ Іуащхьэмахуэ дигу къыщыкІыжкІэ, дяпэкІэ дэ ди нэгу къыщІэувнущ мы кІапсэ гъэсугу хьэлэмэтри, къэжьыхьыпІэ гъэззэджэхэри. Иджы дэ адрейхэм зыкІи дакъыкІэрыхуэ къым икІи Іуэхутхъэбзэ тэмэмхэр зэфІэдгъэкІыфынущ», - жиІащ министрым.

Хьэщ1э лъапІэу Іуащхьэмахуэ лъапэ щрагъэблэгъа Ливанов Дмитрий къиГъэзэгъуащ кІапсэ гъэсугур бгы лыжэм дихьэх псомкІ и дежкІэ тыгъэ лъапІэу зэрыщытыр: «Гуапэщ дэтхэнэми езыр дзэхьхьэ спорт лІэужьыгъуэм зритын папщІэ ди къэралым зыхуеину Іэмалхэр кьыззэрыщызэрагъэпэщыр. Дяпэкіэ мыбы кьакІуэ туристхэм я бжыгъэр хуэдэ зыбжанэкІэ нэхъыбэ хъуну кьыщІэкІынщ».

- Нобэ дэ хэкІыпІэ псори диІэщ дунейпсо мардэхэм къитІасэ курорт зэтедгъэузвэнапэщІэ, - жиІащ КІуэкІуэ Юрий. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм, зыхуэфащэ министерствэхэм, «Кавказ Ищхъэрэм и курортхэр» компаниемкІ къаруушхуэ ирахьэлІащ мы проектыр яГъэззэщІэн папщІэ. Ауэ ар япэ лъэбакъуэу аращ. Адэкіэ зыхуэфащэ иджырей тыншыпІэхэр къыззгъэпэщыпхъэщ. Инфраструктурэр дунейпсо мардэхэм къитІасэу щытын хуейщ. Ди Іуэхутхъэбзэхэм я фІагъри джэхэри. Иджы дэ адрейхэм зыкІи дакъыкІэрыхуэ къым икІи Іуэхутхъэбзэ тэмэмхэр зэфІэдгъэкІыфынущ», - жиІащ министрым.

Хьэщ1э лъапІэу Іуащхьэмахуэ лъапэ щрагъэблэгъа Ливанов Дмитрий къиГъэзэгъуащ кІапсэ гъэсугур бгы лыжэм дихьэх псомкІ и дежкІэ тыгъэ лъапІэу зэрыщытыр: «Гуапэщ дэтхэнэми езыр дзэхьхьэ спорт лІэужьыгъуэм зритын папщІэ ди къэралым зыхуеину Іэмалхэр кьыззэрыщызэрагъэпэщыр. Дяпэкіэ мыбы кьакІуэ туристхэм я бжыгъэр хуэдэ зыбжанэкІэ нэхъыбэ хъуну кьыщІэкІынщ».

- Нобэ дэ хэкІыпІэ псори диІэщ дунейпсо мардэхэм къитІасэ курорт зэтедгъэузвэнапэщІэ, - жиІащ КІуэкІуэ Юрий. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм, зыхуэфащэ министерствэхэм, «Кавказ Ищхъэрэм и курортхэр» компаниемкІ къаруушхуэ ирахьэлІащ мы проектыр яГъэззэщІэн папщІэ. Ауэ ар япэ лъэбакъуэу аращ. Адэкіэ зыхуэфащэ иджырей тыншыпІэхэр къыззгъэпэщыпхъэщ. Инфраструктурэр дунейпсо мардэхэм къитІасэу щытын хуейщ. Ди Іуэхутхъэбзэхэм я фІагъри

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ1апІэ.

Оперативнэ штабым цІыхухэр сакъыну къыхуреджэ

Ильэсыщ1э махуэхэм ирагъэкІуэкІыну дауэдапщэхэм хэтыныхэм шыналъэу къатемыкъэн папщІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэ хабзэхъумэ органхэм зыхуэфащэ лэжьыгъэхэр ирагъэкІуэкІ. Гулъытэ хэха хуащІ транспортымрэ сатумрэ я Іэнатіэхэм. Хабзэхъумэхэм къаІэрыхьэ оперативнэ хъыбархэр икІащІыпІэкІэ зэхагъэкІ.

Абы къыдэкІуэу, Оперативнэ штабым цІыхухэр къыхуреджэ террорым пэщІэтыныбмкІэ хабзэхэр текІ имыІэу яГъэззэщІэну, куэдым я зэхуэсыпІэу щыт щІыпІэхэм щысаскъыну.

Дэтхэнэми ищІэн хуейщ терроризмэм и шынагъуэм зыщыкъумэныбмкІэ хабзэ нэхъыщхьэхэр:

- шэч фэзыгъэщІ хъэпшып гъэрхэр здэщымыІыпхъэм щыпУ флъэгъуамэ, фемыІуэсэ икІи зэкІуэщІыбмэс - ар къауэу зэранигъэшхуэ кьихьынкІэ хъунущ. Лагъым Іэрыщ1эгъ яГъэтІылъын папщІэ терористхэм къызэрыгэкІ хъуржынхэр, тхьапІымпІэ ашыкэр, габайкэр зэрыджэгу Іэмэпсымэхэр, нэгъуэщІхэри къыщагъэсэбэп щыІэщ;

- гулъытэнэу кьэвмыгъанэ, здэщымытыпхъэм и деж къыщанауэ щыт транспортыр флъэгъуамэ;

- а псомэ ятеухуауэ хабзэхъумэ органхэм хъыбар евгъащІэ пІощІэгъуэкІэ абыхэм фепсалъэ зэрыхьыну телефонэхмкІэ.

Пщ1э зыхуэтщІ адэ-анэхэ! Ильэсыщ1э дауэдапщэхэм щІымыдзэ щыкІэ сабийхэм яГурыбгъуэ зэрамхэм, унэ щІыхьэпІэхэм зыщІрихьэлІэ дэтхэнэ хьэпшыпми еІуСэ зэрымыхъунур.

Дэтхэнэ зы цІыхуми и жэуапІныбгъуэ, гудзакъэм, ар хабзэм и хъумакІуэхэм ядэлэжьэну зэрыхьэзырым куэдкІэ елъытащ терроризмэм и щІэпхъаджагъэхэр къэмыгъэхъуныр.

Хабзэхъумэ органхэм я телефонхэр:

КъБР-м щыІэ Оперативнэ штабым - **48-15-48**;

ФСБ-м и Управленэу КъБР-м щыІэм - **48-15-81**;

КъБР-м щыІэ МВД-м - **40-49-10, 49-50-62**;

УФ-м и Следствэмкіэ и комитетым Следствэмкіэ и управленэу КъБР-м щыІэм - **77-64-22**;

УФ-м и МЧС-м и Управленэ нэхъыщхьэу КъБР-м щыІэм - **39-99-99**.

КъБР-м щыІэ Оперативнэ штаб

● КъБР-м и Парламентым

Депутатхэм я деж зыри къыщагъэнакъым

Ди газетым зэрытетащи, КъБР-м и Парламентым и бжыхьэ сессием и Іэдакъэ зэІущІэм къыщащытэжащ республикэм законхэр къыдэзыгъэкІ и орган нэхъыщхьэм 2015 гъэм иригъэкІуэкІа лэжьыгъэр. Парламентым и спикер Егоровэ Татьянэ зэрыжиІамкІэ, депутатхэм нэсу ягъэззэщІащ гъатхэ, бжыхьэ сессиехэм къриубыдэу зэлэжьыну зыхуагъэувыжауэ щыта псори.

АБЫХЭМ Парламентым и зэІущІэу 15, президиумым и зэІущІэу 37-рэ, парламент едэІуэнигъэу, цыхьу куэд зыхэта едэІуэнигъэу 7, Іэнатіэ зэмылІэужьыгъуэхэм я лІыкІуэхэр къызрихьэлІа зэІущІэу 17, комитетхэм я зэІущІэу 24-рэ ирагъэкІуэкІащ. Законхэр гъэхьэзырыныжмкІэ лэжьыгъэхэр къапщтэмэ, депутатхэм хабзэ мардэ зэмылІэужьыгъуэу 67-рэ къащтащ.

Экономикэмрэ финансхэмрэ я Іэнатіэм ехьэлІа закону 2015 гъэм къащтахэр 23-рэ мэхъу. Нэхъ мыхьэнэшхуэ зиІэхэм ящыщу Егоровэ Татьянэ къыхигъэщхьэхуІащ «2016 гъэм, 2017, 2018 гъэхэм я лъэхъэнэм КъБР-м и республикэ бюджетым и Іэхуэкіэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законыр. А документым егугъуу елэжьащ икіи абы ипкъ иткІэ бюджетым и хэхъуэхэр сом мелард 24-рэ, хэщІэхэр сом мелард 25,3-рэ хьууэ яубыхуащ. Бюджетым сом мелард 1,3-рэ хурикъуркъым, ауэ ар Бюджет кодексым кьиІэувхэм къоТІасэ.

Бюджет законодательствэр егъэфІэкІуэнымкІэ лэжьыгъэхэр зыхуэунэтІауэ щытарахъшэр нэхъ зэгъэзэхуауэ къэгъэсэбэпынырщ, щыналъэм и бюджетым халъхьэ налогхэмрэ кьинэмыщІ ахъшэхэмрэ нэхъыбэ щыныгрщ, республикэ бюджетым хуримыкъур гъэмэщІэнырщ. Псалъэм папщІэ, «2015 гъэм, 2016, 2017 гъэхэм я лъэхъэнэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетым и Іэхуэкіэ» КъБР-м и Законым зэхъуэкІыныгъэхэр тхуэнэфэх халъхьащ икіи абыхэм япкъ иткІэ хэщІхэр сом мелуан 590-м щІигъукІэ ягъэмэщІащ.

Парламентым и спикерыр тепсэлъыхьащ щыхуэхэр лэжьапІэ Іэнатіэхэмкіэ къызэгъэпэщыжмкІэ сэбэп хъуну кьалъытэ законхэми. Апхуэдэ унэтІыныгъэ яІэщ КъБР-м Административнэ къуаншагъэхэмкІэ и кодексым халъхьа зэхъуэхІыныгъэхэми. Къащтащэ, ягъэува квотэхэм япкъ иткІэ балигъ мыхьуахэмрэ ныкъуздыкъуэхэмрэ лэжьапІэ зымыгъэувхэм зэретхьэкъу ахъшэр нэрылъагъуу нэхъыбэ ящІащ.

Законхэр гъэхьэзырыныжмкІэ ирагъэкІуэкІа лэжьыгъэр кьызэрапщытэжам КъБР-м и Законыр зэрыгъэлъэгъуамкІэ, хабзэ мардэхэм я проектхэм я нэхъыбапІэр, процент 60-м нэблагъэр, Парламентым и комитетхэм ягъэхьэзыращ, процент 38-м нэблагъэр КъБР-м и Іэтащхьэмрэ КъБР-м и Правительствэмрэ къыхалъхащ. КъБР-м Къэзыгъэшъэ-къэзыбж и палатэм, КъБР-м и прокуроры, законхэр къыдэгъэкІыныжмкІэ адрей субъектхэм ягъэхьэзыра законопроектхэр процентэ 3 хуэдиз мэхъу.

Спикерым и отчётым къыхэщащ депутатхэм я лІыкІуэ кьалэнхэр зэрагъэзащІэри. Апхуэдэу Парламентыр быдзэ япыщІауэ щытащ республикэм и лІыкІуэу УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым Федерацэмкіэ и Советым хэтхэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм кьыбгъэдэкІыу Къэрал Думэм и депутату хахахэмрэ.

ТекІуэныгъэ Иным и юбилей гъэм депутатхэр Хэку зэушхуэм хэтахэм, абы ныкъуздыкъуэ щыхуэхэм ящыщу 200-м щІигъум ядэІэпыкъуащ. Егоровэ Татьянэ зэрыжиІамкІэ, лэжьыгъэр дяпэкІи зэпэгъэунукъым икіи пщІэ зыхуэтщІ ди нэхъыжьхэм я псэуклэр зэпымыууэ ефІэкІуэн папщІэ парламентархэм я зэфІэкІым еблэжьнукъым.

- Къызэдгнэкі ильэсыр Іэхуэхэмкіэ гъэнщІауэ екІуэкІащ, - жиІащ Парламентым и Унафэщ.ым, - ауэ 2016 гъэри нэхъ тыншу щытынукъым, абы къыхэкІыу депутат псоми лъэІукІэ захуэзогъаэз я жьыджрагъым адэкІи хагъэхьуэну икіи гъатхэ сессием зэлэжьынухэм я планыр гъэззэщІэным къарууэ яІэр ирахьэлІэну.

Псалъэмакъым и кІуэу Егоровэ Татьянэ псоми фІыщІэ яхуищІащ республикэм и политикэ, экономикэ, социальнэ гъащІэм ехьэлІа Іэхуэинэр гъэззэщІэным, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм мамырыгъэмрэ зэгурыІуэныгъэмрэ щыхьэмэным хуэунэтІауэ зэгурыІуэу зэрызэдэлэжььам папщІэ.

Дыгъэгъазэм и 18-м Къэрал Думэм и зэІущІэм етІуанэ, ещанэ къеджэгъуэхэу щыхэплъащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм зэзыгъэкІуэ и судыщІэхэм я бжыгъэр 46-м щегъэжьауэ 50-м нэгъэсыным теухуа законопроектым. А документыр зэІущІэм къыщыхилъхьащ КъБР-м къыбгъэдэкІыу Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм и депутату хаха Щхьэгуэш Адэлбий.

КъБР-м зэзыгъэкІуэ и судыщІэхэм я бжыгъэр нэхъыбэ мэхъу

ДОКЛАД зыщІам къызэрилъытэмкІэ, апхуэдэ зэхъуэкІыныгъэм ди республикэм и дежкІэ мыхьэнэшхуэ иІэщ. Абы и фІыщІэкІэ зэзыгъэкІуэ судыщІэхэм Іэмал иІэнущ дэтхэнэ Іэхуэми и зэманым хэпльэнымкІэ икіи лъабжьэ тэмэм зиІэ унафэхэр къащтэнымкІэ. Документым къызэрыщыгъэльэгъуамкІэ, Бахъсэн район судым иджыри суд участкэу тІу, Дзэлыкъуэ, Тэрч районхэм суд участкэ зырыз къыщызэрагъэпэщын хуейщ.

Щхьэгуэш Адэлбий жиІащ республикэм и Парламентым, апхуэдэу КъБР-м зэзыгъэкІуэ и судыщІэхэм я лэжьыгъэр къызэгъэпэщынымкІэ къулыкъущІапІэм и унафэщІ Мэшыкъуэ Хьэчим сыт и лъэныкъуэкіи зэгъэкІуа тхыгъэхэр и зэманым ягъэхьэзыру Къэрал Думэм къызэрыщыхалъхьар законопроектыр гъыгъэкІыныжмкІэ сэбэп зэрыхьуар. «Законыр республикэм щылажьэу хуежьэнущ дызыхіуэкІуэ иІыгъэсым и япэ махуэм щегъэжьауэ», - жиІащ депутатым.

ЗэзыгъэкІуэ судыщІэхэм я Іэнатіэр республикэм и щыналъэм щолажьэ 2000 гъэ лъандэрэ. Къэгъэлъэгъуапхъэщ зыхэлІэ Іуэхуэхэм я куэдгъэмкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм зэзыгъэкІуэ и судыщІэхэм 2014 гъэм Кавказ Ищхъэрэм етІуанэ увыпІэр, Урысей Федерацэм 54-нэ увыпІэр зэрыщІыгъэр (дэтхэнэ зэзыгъэкІуэ судыщІэри мазэ къэс ику иту Іуэхуи 194-м хэплъэу щытащ).

● Егъэджэныгъэ

ЗэІухауэ мэлажьэ

КъБР-м Егъэджэныгъэмкіэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іуэхуэхэмкіэ и министерствэм хъыбар къызэритамкІэ, 2015 гъэм и етІуанэ Іыхьэ ныкъуэм Іулъхьэ тын-къеІыхыным епхауэ Іэнатіэм ныкъусаныгъэ щыщыІакъым.

КОРРУПЦЭМ пэщІэтыным, къэрал къулыкъу зезыкьэм хэлъыпхъэ щІэным ятеухуауэ министерствэм лэжьыгъэ щхьэпэхэр щокІуэкІ. Апхуэдэ Іуэхуэхэр и пщэрылъщ Іэнатіэм и лэжьакІуэ гуп хэхам. Абы и зэІущІэхэм щыхоплъэ ЕГЭ-мрэ ГИА-мрэ зэрекІуэкІ щыкІэм, а къэпщытэныгъэхэм хэт лъэныкъуэ псоми хабзэр къыхэзгъэмыдыну Іуэхур зэрызэфІэхыпхъэм епха къалэнхэм, цыхьхэм министерствэм зыкъызэрыхуагъаз ущІэхэм щыгъэпкърах коррупцэм пэщІэтыныжмкІэ щыІэ хабзэхэр Іэнатіэми абы и къудамэхэми зэрагъэзащІэр.

Къэрал къулыкъущІэхэм яхэлъыпхъэ щэным епхауэ УФ-м Лэжьыгъэмкіэ и министерствэм кьищта чэнджэщхэр Іэнатіэм и Іэщ-гъэлІхэм лъагъэІэс абы и къудамэ псоми я лэжьакІуэхэм. А унэтІныныгъэм ехьэлІащ КъБР-м Егъэджэныгъэмкіэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іуэхуэхэмкіэ и министерствэм и сайтым кьыщыізэригъэпэща Интернет-хэщІапІэр. Дэтхэнэ цыхьми Іэмал иІэщ министерствэм и лэжьыгъэм щыгъуазэ зыхуищІыну, упщІэ зиІэхэмкІэ жэуап зэпкърыхахэр ират.

«Къэрал Іэнатіэхэмрэ щІыпІэ самоуправленэм и органхэмрэ щызэфІах лэжьыгъэхэм ятеухуа хъыбархэм цыхубэм зыщагъэгъуэзэну Іэмал етыным теухуауэ» Федеральнэ хабзэм ипкъ иткІэ, КъБР-м Егъэджэныгъэмкіэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іуэхуэхмкіэ и министерствэм и лэжьыгъэ псори зэІухауэ ирегъэкІуэкІ, корпущэм пэщІэтыныжмкІи зэфІмихьэхэри хэту. Апхуэдэ Іуэху зехьэкІэмкІэ адрейхэм щадэгъашэ зэхуэсхэр республикэм и еджапІэхэм щокІуэкІ. Апхуэдэхэщ, псалъэм папщІэ, «Дэ Іулъхьэм дрибийщ» фІэщыгъэр иІэу Налшык кьалэ дэт курыт еджапІэ №29-м и къыщызэрагъэпэща акцэр, Сабийхэмрэ щІалэгъуалэмрэ я творчествэмкІэ республикэ уардэунэм щекІуэкІа сурэт зэпеуэр, нэгъуэщІхэри.

ТАМБИЙ Линэ.

Налогхэр, адрей ахъшэр къызэрагъэсэбэпар

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым 2015 гъэм иригъэкІуэкІа иужьрей зэІущІэм илъэсым и япэ мазибгъуэм республикэм и бюджетыр гъэззэщІа зэрыхьуам теухуауэ доклад щищІащ КъБР-м финансхэмкІэ и министр Лыхь Заур. Абы къызэригъэльэгъуамкІэ, а зэманым бюджетым и кодексыр 18-рэ мелуан 981,5-рэ (илъэс планым и процент 74,6-рэ) хъуащ икіи 2014 гъэм и апхуэдэ лъэхъэнэм елъытауэ процент 107,9-м нэсащ. Хэхъуэ псоми я процент 39,2-р налогхэрщ, процент 58,5-р ямышыныжыну кьаІэрыхьа ахъшэрщ.

ОТЧЁТ лъэхъэнэм кьрибыдэу налогхэмрэ налогхэм ящымыщІ ахъшэмрэ сом меларди 7-рэ мелуан 615-рэ хъууэ аращ, планкІэ кьапэщыта сом мелард 12-рэ мелуани 138,7-м и пІэкІэ. Мазибгъум кьриубыдэу КъБР-м и бюджетым налогхэм ящымыщІ ахъшэу кьыІэрыхьар сом мел-уан 415,3-рэщ (илъэс планыр сом мелуан 948,8-рэ мэхъу). Апхуэдэу ямышыныжыну ахъшэу сом мелард 12-рэ мелуан 506,4-рэ кьаІэрыхьэн хуеямэ, а лъэхъэнэм къуатыпшцар зэрыхьу сом меларди 10-рэ мелуан 766,5-рэщ.

КъБР-м и бюджетыр хэщІхэмкІэ сом мелард 20-рэ мелуан 39,1-кІэ (планым и процент 62-кІэ) ягъэззэщІащ. Социальнэ мыхьэнэ хэха зиІэ Іуэхуэхэм сом мелард 14-рэ мелуан 566,3-рэ трагъэкІуэдащ. Абы щыщу лэжьапщІэу сом меларди 2-рэ мелуан 398,9-рэ, цыхьхэм социальнэ дэІэпыкъуныгъэу сом меларди 2-рэ мелуан 560,1-рэ ираташ, хущхьэу сом мелуани 145,1-рэ и уасэ къащхьащ.

ХэщІхэм ящыщу нэхъыбэ дыдэ егъэджэныгъэм - сом меларди 5-рэ мелуан 793,2-рэ, узынщагъэр хуэмэным - сом меларди 4-рэ мелуан 463,9-рэ, социальнэ политикэм - сом меларди 3-рэ мелуан 317,8-рэ хуханащ. А Іэнатіэхэм трагъэкІуэда ахъшэр нэгъабэ и апхуэдэ зэманым елъытауэ проценти 106,5-рэ мэхъу.

Илъэсыр Іэкіэ КъБР-м и къэрал бюджетыр зэрагъэзэщІар къапщтэмэ, абы сом 1 мелардрэ мелуан 657,5-рэ хурикъуркъым. 2015 гъэм жэпуэгъуэм и 1-м ирихьэлІэу республикэм и къэрал кІуэцІ щІыхуэр сом меларди 7-рэ мелуан 996,4-рэ мэхъу.

Парламентым и зэІущІэм депутатхэр щыхэплъащ закон щхьэхуэхэм хахьхъэ зэхъуэкІыныгъэхэм. Апхуэдэу зэІущІэм къыщащтащ «Урысей Федерацэм и федеральнэ субъектхэм я приСижнэ заседателхэм я кандидатхэм я спискэхэр зэхэлъхьэныным (зэхъуэкІыным, дэщІыгъуныным) хуэгъэза къэрал полномочиехэр ягъэзэщІэн папщІэ республикэ бюджетым къыхэкІ субвенцэхэр КъБР-м и муниципальнэ районхэмрэ къалэ округхэмрэ я бюджетхэм зэрытрагуашэ методикэр къащтэным и Іуэхуэкіэ» КъБР-м и Законыр. КъБР-м и Парламентым Бюджетымкіэ, налогхэмрэ финансхэмкІэ и комитетым и унафэщІ Афэщагъуэ Михаил зэрыжиІамкІэ, мы документыр щІагъэхьэзырам и щхьэусыгъуэр ищхьэкІэ къыщыгъэльэгъуа мурадхэм трагъэкІуэдэн папщІэ 2016 гъэм КъБР-м и республикэ бюджетым сом мин 791,1-м щІигъу зэрыхуахарщ.

ЗэхъуэкІыныгъэ щхьэхуэхэр халъхьащ «2015 гъэм, 2016, 2017 гъэхэм я лъэхъэнэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ЕІэкІыпІэ зимыІэ медицинэ страхованэмкІэ и щІыналъэ фондым и бюджетым и Іуэхуэкіэ» республикэ закони. Ахэр зытеухуар бюджетым къыІэрыхьэ хэхъуэхэр сом меларди 6-м щІигъукІэ нэхъыбэ зэрыхъуарщ икіи абы екъэлІауэ хэщІхэм зэхъуэкІыныгъэ пыухыкІахэр зэрагъэтырщ.

ЗэхъуэкІыныгъэ пыухыкІахэр игъэтащ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и хабзэ актхэм я Іуэхуэкіэ» республикэм и законми.

Парламентархэм кьащта унафэм ипкъ иткІэ КъБР-м и Хэкіуэ комиссэм унафэ къэзыщтэхэм хагъэхьащ Джаппуев Мусса.

БЕЛГЪЭРОКЪУЭ Марьянэ.

● Зэхьэзэхуэхэр

Жэрдэм зиІэхэм ядоІэпыкъу

КъБР-м Граждан, жылагъуэ институтхэм ядэлэжьэнымрэ лъэпкъ Іуэхуэхэмкіэ и управленэм иджыблагъэ къыщыдэзыщІакъуэжащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и бюджетым щыщ ахъшэ иратын папщІэ социальнэ Іуэхуэхэм хуэунэтІауэ лажьэ, коммерцэу щымыт Іуэхуэщ Іапі Іэхэм я зэхъэзэхуэм къикІуэкъэр. Къыхэзгъэщыпхъэщ зэпеуэр Іыхьи-тхуу гуэшауэ зэрыщытар.

КъБР-м Граждан, жылагъуэ институтхэм ядэлэжьэнымрэ лъэпкъ Іуэхуэхэмкіэ и управленэм и унафэщІ КІурашин Анзор зэІущІэм щыжиІащ 2016 гъэм республикэм щагъэзэщІэну проектхэм кІэлъыплъыну «Южный форум» жылагъуэ Іуэхуэщ Іапі Іэр къызэрыхахащ. «Ар зы лъэныкъуэкІэ ядэІэпыкъунущ проектхэр гъэзэщІа хъунымкІэ, апхуэдэуи, мылъку зыхухаха Іуэхур зыхуэй хуэзауэ зэрекІуэкІым кІэлъыплъынущ, - жиІащ КІурашын Анзор. - Апхуэдэ мардэхэм дыщІыхуэкІуэр нэхъ зыхуэй хуэзауэ, ІэхъуэгъуэтегъэкІ къыхэмыкІыу Іуэхущ Іапі Іэхэм я лэжьыгъэхэр зэфІахын папщІэщ. Дыщогугъ ахъшэ зэтгъэм дакъыгурыІуэну, къыддагьІэну, «Южный форум» жылагъуэ Іуэхущ Іапі Іэм жыджэрэ дэлэжьэну». И къалэнхэр игъэзэщІэфын папщІэ «Южный форум»-м сом мин 600 ираташ.

КІурашыным къыхэгъэщащ республикэм и жылагъуэ Іуэхущ Іапі Іэ 40-м псори зэхэту сом мелуани 9-м щІигъу зэрыратынур. Ахъшэр трагуэшэнущ коммерцэу щымыт Іуэхущ Іапі Іэхэм кьагъэльэгъуа проектхэм я мыхьэнэр кьалъытэу. Сом мин 70-м къыщыщІэдзауэ мин 450-м нэс мы мазэм кьриубыдэу иратынущ ар зыхуагъэфэщахэм.

БАГЪЭТЫР Луизэ.

● Министерствэхэм

Я щІэныгъэм щыхагъахъуэ

Сату-экономикэ, щІэныгъэ-техникэ, социальнэ, щэнхабзэ Іэнатіэхэм зэрыщыІэздэлэжьэнум теухуауэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэмрэ Тэтэрстан Республикэмрэ 2015 гъэм мазаем и 28-м зэращІыІа Зэгурыіуэныгъэ №05-С-м зэрыщыубзыхуам тету, КъБР-м Экономикэ зыужьыныгъэмкІэ и министерствэм электрон Іуэхутхьэбзэхэмрэ ахэр зэкІэлъыхьыныжмкІэ и департаментым проектхэм я пщалъэ-правовой актхэм я хабзэ мардэхэр щыІэхуагъакІуэ и къудамэм и Іэщ Іагъэлі Іэр мы мазэм и 14 - 18-хэм Тэтэрстаным стажировкэ щыІащ.

«КЪЭРАЛ зехьэкІэр егъэфІэкІуэным и унэтІныныгъэ нэхъыщхьэхэм я Іуэхуэкіэ» 2012 гъэм накъыгъэм и 7-м Урысей Федерацэм и Президентым кьыдигъэкІа Указ №601-м зэрыжиІэм хуэдэу, проектхэм я пщалъэ-правовой актхэм я хабзэ мардэхэр зэрызэхуагъакІуэ Іэмалыр КъБР-м и Правительствэм и Унафэкіэ нэгъабэ щІыщыІлэм и 1 лъандэрэ республикэм къыщыгъэсэбэп. Къэбэрдей-Балъкъэрым и къэрал властым и уполномоченнэ зэрызэщІакІуэ Іэнатіэ пщэрылъыр иІэу Экономикэ зыужьыныгъэмкІэ министерствэм я Іуэхур зэкІэлъеГъакІуэ.

ИлъэситІым кьриубыдэу кІуэх оценкэ зиІэ тхылъу бгъущІ кьудамэм игъэхьэзыращ. Абыхэм ящыщу плІыщІрэ щыр инвестицэ лэжьыгъэр къэралым зэрызэригъакІуэ, зыварчэтыщІэ Іэнатіэхэр зэрыдаІыгъ щыкІэм теухуащ.

Тэтэрстаным Экономикэмкіэ и министерствэм административнэ реформэм и Іуэхуэхэмкіэ и управленэм ОРВ-мрэ экономикэм папщІэ кадрхэр гъэхьэзырынымкІэ и кьудамэм и лэжьыгъэм ди Іэщ Іагъэлі Іэр кІэлъыплъащ, республикэм и проектхэм я пщалъэ-правовой актхэм я хабзэ мардэхэр зэрызэхуагъакІуэм, пщалъэ-правовой актхэр экспертизэ зэращІым, абыхэм кьарикІуар зэрызэхалъхьэжьам зыхагъэгъуэзащ.

Стажировкэм хьахьэу, республикэм эксперт советыр зэрыщагъбзыхур, щІыналъэхэмрэ муниципалитетхэмрэ ОРВ Іэмалым зэрыщыхуэкІуэр яджащ, апхуэдэу ОРВ-р къызэрызэрагъэпэщ, хьэрычэт, инвестицэ лэжьыгъэхэм я пщалъэ-правовой актхэр къызэращытэ къызэрыфІэхэр зэпкърахащ. КъыщынэмыщІауэ, «КАИ-ЛА-ЗЕР» щІыналъэ инжиниринг центр» акционер обществэм зэІухам Тэтэрстан республикэм и хьэрычэтыщІэхэр зэрыщыдаІыгъ щыкІэм зыщагъэгъуэзащ. Къэзан техникэ университетым (КАИ), Туполевым и цІэр зезыхьэм, 2013 гъэм къыщыдзэІуэха а центрым хьэрычэтыщІэ Іэнатіэ цІыкІуэмрэ курыт-хэмрэ, псом япэу автотранспортым, кхъухьлъатэхэм, энергетикэм пыщІауэ лазер технологиехэр къэзыгъэсэбэпхэр инжиниринг ІуэхутхьэбзэхэмкІэ къызэрегъэпэщ.

Тэтэрстан республикэм Экономикэмкіэ и министерствэм стажировкэ щыІа ди Іэщ Іагъэлі Іэхэм къыздахьа щІэныгъэр Къэбэрдей-Балъкъэрым ОРВ щезыгъэкІуэкІхэм сэбэпышхуэ яхуэхьунущ.

КъБР-м Экономикэ зыужьыныгъэмкІэ и министерствэм и пресс-Іуэхущ Іапі Іэ.

Ягу къагъэкІыж

● Фэеплъ

Афганистаным щекІуэкІа зауэм советыдзэхэр зэрыхьихьэрэ илъэс 36-рэ зэрырикъум теухуа пэкІу щекІуэкІащ абы хэкІуэдахэм я фэеплъым деж. ПэкІым кьрихьэлІащ а зауэм и ветеранхэр, абы хэкІуэдахэм я Іыхьлыхэр, КъБР-м Граждан, жылагъуэ Іуэхущ Іапі Іэхэм ядэлэжьэнымрэ лъэпкъ Іуэхуэхэмкіэ и управленэмрэ Налшык кьалэ военкоматымрэ я лэжьакІуэхэр, школакІуэхэр, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм хэтхэр, журналистхэр.

ЦІЫХУМ и хуитыныгъэр хъумэнымкІэ уполномоченнэу КъБР-м щыІэ **Зумакулов Борис** кьрихьэлІахэм захуигъэзащ:

- Интернационалист кьалэн зыгъэзащІэу зауэм хэкІуэдахэр дигу кьыщыдгъэкІыж махуэщ нобэ. Дывгъэхъумэ абыхэм я фэеплъыр, я лІыхъужьыгъэр щІэблэм щапхъэу кьахуэдвгъэхь, афган зауэм ныкъуэдыкъуэ щыхьэхами, абы хэкІуэдахэм я благъэхэм гулъытэ яхуэдвгъэщІ.

- Хабзэ тхуэхъуащ илъэс кьэс Афганистаным щекІуэкІа зауэм хэкІуэда ди кьуэщхэр дигу кьдгъэкІыжыну. Гуауэщ дыщІызэхуэсар - мыбы кьрихьэлІа дэтхэнэми и гум щегъэв а зауэм и нэщІэбжьэгуэр, - жиІащ афган зауэм и Ветеранхэм я зэгухьэныгъэм и Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ кьудамэм и унафэщІ **Тхьэгъэлэдж Тимур**. Абы школакІуэхэмрэ кІэдетхэмрэ иущиящ фІыуэ еджэну, лъэпкъ тхыдэм теухуауэ нэхъыбэ зэращІэным хущІэкъуну, ветеранхэм пщІэ хуащІыну.

Къызэхуэсахэм удз гъэгъахэр тралъхьащ а фэеплъми «Налшык - лІыхъужьыгъэм и кьалэщ» стеллэмиз.

Абдеж кьыщыцпсэлъащ Хэку зауэшхуэм, Лэжьыгъэм, Іэщ Іэкі Зэщ Іэуэзда Кьарухэм я ветеранхэм я Налшык кьалэ советым и тхьэмадэ **Абдуллаев Мустэфа**. Ар ныбжьыщІэхэм яхутепсэлъыхьащ Налшык кьалэ я цІэ лъапІэр кьыщІыхуагъэфэщам.

ГУГЪУЭТ Заремэ.
Сурэтхэр
Кьарей Элинэ *трихащ.*

ЕРЫСТАУ (Къурашэ) Еленэ дунейм ехыжащ

Къэбэрдей-Балъкъэр Къэрал университетым и лэжьакІуэхэм гущІыхьэ ящыхуащ республикэм и щІэныгъэ лэжьакІуэ нэхъыжьхэм ящыщ, КъБКъУ-м геометриемрэ алгебрэ нэхъыщхьэмкІэ и кафедрэм и доцент Ерыстау (Къурашэ) Еленэ Жэмалдин и пхъур зэрылІар. Педагог хьэпэмэт, пщІэ зыхуащІ еджагъэщхуэ Ерыстау Еленэ лІэщІыгъуэ ныкъуэм щІигъукІэ щылэжьащ егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмрэ я Іэнатіэм. КъБКъУ-м зэрыщригъэджа зэманым абы студент куэд дригъэхьэхащ езым фІыуэ илъагъу математикэм икіи ахэр я ныбжьэгъу нэхъыжьым и гъуэгум теуваш.

Ерыстау Еленэ еджэным къыхуигъэщІат. Абы Налшык кьалэм дэт курыт еджапІэ №3-р дыщэ медалкІэ къыухащ, иужькІэ университетым фІы дыдэу щеджащ икіи «математикэ, астрономие, черчение» Іэщ Іагъэхэр зригъэгъэтащ. Университетым щыщІэса зэманым жылагъуэ Іуэхуэхэм хуэжьджэру екІуэкІащ, факультетым и комсомол бюром хэтащ, щІэныгъэ лэжьыгъэм иригъэкІуэкІащ. Ещанэ курсым ар Сталиным и стипендие, еплІанэ, етхуанэ курсхэм Лениным и стипендие кърату щеджащ. 1972 гъэм физико-математикэ щІэныгъэхэм я кандидатым и диссертацэр пкитэкІащ. Къэралым Іэщ Іагъэмкіэ и аттестацэ комиссэм 1977 гъэм абы доцент цІэр кьысфІищащ.

Дэлажьэу щытахэм фІыуэ ящІэж щІэныгъэщхуэ зэрыбгъэдэлъым кьыдэкІуэу, ар щалъхуа щыналъэр, къэралыр фІыуэ ильагъуу, жыджэру, сыт хуэдэ Іуэхумкіи жэрдэмщІакІуэу, гуплым я пашэу и щІалэгъуэ лъандэрэ къызэрекІуэкІар. Ерыстау Еленэ Урысей Федерацэм и делегацэм хэту 1957 гъэм щІалэгъуалэмрэ студентхэмрэ я дунейпсо фестивалу Москва щрагъэкІуэкІам щыІащ, КъБКъУ-м щеджэ хьыджэбз гуплым я комиссару 1958 гъэм Къазахъстаным и щІыщІэхэм щылэжьащ. Хьыджэбз жыджэрым «ЩІыщІэхэр къэІэтыным зэрыхэтам папщІэ» медалыр, КъБАССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и ЩІыхь тхылъыр къыхуагъэфэщащ.

1960 гъэм Ерыстау Еленэ ВЛКСМ-м и Налшык кьалэ комитетым и секретарэ хахащ. Абы и гъэсакІуэу икіи лэжьагъуу щытащ ВЛКСМ-м и Къэбэрдей-Балъкъэр обкомым и секретархэу Дыду Владимир, Сэбаншы Роэз, ВЛКСМ-м и къэралыр комитетым и секретархэу Беслэней Владимир, Гузбэщ Іыкі Владимир сымэ.

Иригъаджэу щытахэм я гум къынэжащ Ерыстау Еленэ и зэфІэкІыр, бгъэдэлъ щІэныгъэ куур, гуапагъэр. Абы кьэдгъэ кьытригъэззэжурэ игу кьигъэкІыжырт Сухомлинский В. А. и мыпхуэдэ псалъэхэр: «Егъэджакіуэм фІыуэ имылъагъункІэ Іэмал иІэкъым езым иригъаджэхэр».

Ерыстау Еленэ Джэмалдин и пхъур дунейм зэрехьжар республикэм и егъэджакІуэхэм, КъБКъУ-м и лэжьакІуэхэм, студентхэм я дежкІэ хэщІныгъэшхуэщ. А цІыху хьэпэмэтыр дэ зэи тщыгъупшэнкъым.

И лэжьэгъухэмрэ и ныбжьэгъухэмрэ.

● Ди хьэщIэщым

БЕЙТЫГЪУЭН Сэфарбий: Адыгэщ1ым хъугъуэфIыгъуэ куэд щ1ызокIуэ

Тхьдэтх, философ, тхакIуэ Бейтыгъуэн Сэфарбий къыдигъэкIащ «Пионеры всемирной истории. Энциклопедия» зыфIищэ тхылъ.

Уи закъуэу щIэнгъуаз9 (энциклопедие) птхыным сыт хуэдэ гуащIэ епхьалIэн хуей? ЩIэнгъуаз9р щIэнгъэрэ IэщIагъэкIэ лъагъуэхэш хъуахэм ятеухуамэ-щэ?! Зы тхылъ итхын щхьэкIэ тегъэщIапIэ ищIын тхылъ 70-м нэс къ9зыгъэсэбэпам, зытепсэлъыхьынущ псалъащхэ 46-уэ зыгъэбелджылам ухуэмызэу дауэ щIэнгъуаз9м уз9ритепсэлъыхьынур? Аращ, хьисэпым сыхэкIыу, езым сепсэлъэну мурад щIэсщIар.

- Сэфарбий, ятеухуэу, фIыщIэ пхузощI мыпхуэдэ лэжьыгъэшхуэкIэ лъэпкъым уз9рыхуэупсам папщIэ. ЕтIуанэрауэ, уи тхылъым сытетхыхьын хуейуэ Хьэфыщ1э Мухьэмэд пщ9рылъ къысщищIати, сыгужьейри уи деж сынепсэлъауэ аращ, мыбы илъэс пшIы бжыгъэкIэ итхар сэ сыхьэт зыбжанэкIэ дауэ зэрызэхэсхынур, жысIэри. Дауэ уигу къэкIыхха цIыхуцIэ зиIэм къигъэщIа Iэщ1агъэхэмрэ щIэныгъэ лIэужьыгъуэхэмрэ лIэужьыгъуэ щIыхьызыщхэр зэбгъэуIунц, абыхэм адыгэхэри нхэбгъэувэу?

- Мы энциклопедием ерагъыу сыкъыхэкIати, аргуэру сыхэпшэжу аращ (мэдыкъэшх). «ЩIхьэщытхъур къысфIащ» жиIэу уэрэдыжьым зэрыхэтым хуэдэу, уи лэжьыгъэм ущытепсэлъыхькIэ узыщытхъужу къыщыхьынри хэлъщ. Уэри зэрыпщIэщи, энциклопедием цIыху зыхыбл зэделажь хабзэщ. Мыбы зеспщытщ, сыщIегъуэжри, згъэтIылъыжыныр яужь ситат, ауэ «ара пхуэзфIэкIынур?» жысIэри, мащIэ-мащIэуэрэ сыхьхэжащ. Усэ тхылъ е роман птхыну нэхъ тынщ зэщиклопедием нэхъ рэ.

- Уи щхьэмрэ хъалэмрэщ узыхуейр жыхуэпIащ.

- Упсэу. КъащIэмэ, сэ физикэм, химием, биологием хэсщIыкI щIэкъым, ауэ а щIэныгъэхэмкIэ лъагъуэщIэ хэзышахэм, абыхэм къахутам я гугъу щыпщIкIэ, зы хьэрфкIи ущыуз хъункъым. Арщ редактор лэжьыгъэри сэ къалэн зыщыщIыжу къытезгъэзэжурэ псалъэ къэс мызэ-мытIэу сыщIприпльэжар. ЗэкIэ слъагъкъым щыуагъэ кIуаэ, нэгъуэщIхэм къагъуэтыными сщIэркъым.

Сыт мы лэжьыгъэм сезыгъэувэлIар? Къуагъым дыкъуэсщ адыгэр, дыззэрымащIэм къыхэкIыу. Ауэ сэ жысIэрац: лъэпкъ мащIэри цIыкIури губзыгъэм я бжыгъэмкIэ зэхуэдизщ, делэм я бжыгъэкIэщ зэрызэщхъэщыкIыр.

- Ари сыбгъэдащ, Сэфарбий. Уи афоризмэм яхэттхэ хъунущ а жыIар.

- США-м, Китайм, Франджым, нэгъуэщIхэми ящIэркъым адыгэр зищIысыр, уарэзы абыкIэ?

- Дауи, ауэ, ди жагъуэ зэрыхъунщи, езы адыгэми яхэтщ адыгэр зищIысыр зымыщIэ, и тхыдэр зэримыджам, и анэдэлхубзэм зэрыримыпсалъэм, нэгъуэщIми тещIыхьауэ убгъэдыхьэмэ. Апхуэдэхэр лъэпкъым джкIэ къригъэлъэкIыжыныкIэ мэхъу уи тхылъым, дэри дызэрыгушхуэн диIэщ, жаIэу.

- Дыщыгугъынщ. АтIэ, мо къэралышхэхэм я джкIэ згъэзэжынци, дауи, абыхэм я тхыдэтх, щэнхабзэм и лэжьакIуэ пажэ закъуэтIакъуэм дыкъащIэу къыщIэкIынщ, ари мащIэ дыдэу. ДыкъыщIамыщIэр дэ ттеуяха тхылъ зэраIэрымыхьэрщ. Тхылъыр къаруушхэщ, арагъэнущ тепщэ хъуэхм къащIыхьэкIыр ар зыгъэс. Псалъэм папщIэ, Аристотель, Платон хуэдэхэм, кIэщIу жыпIэмэ, пасэрей Урымымрэ Алыджымрэ щатхаяу, щIэныгъэ я зэманым ирагъэжьауэ щытар щIызэхуахьэса. Александрие библиотекэр нэгъэсат Урым император Иосиф I и унафэкIэ, ди эрэм и пэкIэ 310 гъэм. Абы щыгъуэм чристэн диным цивилизацэм и гъэгуэр зэпиущIри, зыужьыныгъэр къигъэувыIащ. ИужькIэ, илъэс мин дэкIыжу курыт лIэщIыгъуэхэм епха «Возрождение» зыфIаща лъэхъэнэр къыщIыунэхуам къагъэщIэрэщIэжар сыт? Античнэ цивилизацэращ. Чристэнхэм ямыдамрэ я Iуэху епIыкIэм темыхуэу якъалытэу зэхафыщIу ягъэсамрэщ.

- Сэ сызэрыщыгъуазэмкIэ, а библиотекэм щыщу къэнэжар исльам дин къэунэхуагъэщIэр къабыл зыщIахэм ягъэсыжащ. 642 гъэм хъэрып дзэзешэ Омар Александрие къыщищтам, библиотекэр ягъэсыну и блигущIэтхэм унафэ яхуищIащ, а тхылъхэм итыр Къурэным итыр армырамэ - вгъэ. Къурэным итырамэ - абы щыгъуэми ахэр лейщ, жиIэри. Ар щIыдыщIыгъужар. Сэфарбий, щIэныгъэм и Iуэхур зэи тыншу зэрыщымытарщ. Коперник и къэхутэныгъэр лIэщIыгъуитIым щIигъукIэ «гъэпщкIуауэ» католическэ церковым иIыгъащ. Коперник и щIэныгъэхутэ лъэжьыгъэм пызыща Галилей лажьэ имыIэу инквизицэм зэрыIэщIэкIуэдамкIэ церковым зыщимысыжар, щIэныгъэлIыр зэрыхейр Иоанн Павел II щыжиIар 1992 гъэрщ! УмыгъэщIагъуэ ар пльэкIмэ! Иджы тхылъым и Iуэхур нэхъ тынщ?

- Александрие библиотекэ ягъэсами Гитлер игъэсами зыгуэрэр кьелащ. Тхылъыр мафIэм щыхисхьэпэр абы уемыджэмэщ. ЩIэныгъэр лейуэ, псори кьыпхуэщхъуу къыщалъыта зэманщ иджы дыщыпсэур. ЩIэблэм я нэхъыбэм гугъу зрагъэхьыну хуейкъым тхылъ еджэнымкIэ. Адыгэм диIэщ псалъэжь: «Хьилмым и пэр зэзым ящIэ фом хуэдэу IэфIщ». Аристотель жиIэ1ащ абы ещхь дыдэ. ЩIэныгъэм, тхылъым я IэфIкIр къэпщIэн щхьэкIэ уеджэн хуейщ. Интернетым псори щыбгъуэту, ар тхылъым и пIэм иуваУэ жызыIэ щыIэщ, ауэ сэ нэгъуэщIуц къызэрысIыытар: абы узыIэпишэнцIуэщ.

Ди хэкум, адыгэщIым хъугъуэфIыгъуэ куэд щызокIуэ. Адыгэ псори мыбы къекIуэлIэжьи хуейуэ аракъым ар щIыжысIэр. Ди лъэпкъэгъуэхр дэнэ щымыпсэуми, зэрыдыдыгр ягъэлъэгъуэн хуейщ. Ермэлэм псори зыкъуэзыгъэуэз Каталоикос яIэщ, абы и дежкIэ маллъэ дуней псом щикъухьами. Дэри диIэщ дызэкъуэзыгъэувэ - ар адыгагъэ жыхуэтIэращ. Абыкъэ уакъыхэщыфынущ сыт хуэдэ къэралущIэсэуми.

КIэщIу жыпIэмэ, а ди щэнхабзэр, ди цIыху цIэрыIуэхэр нэгъуэщIхэми къагъэщIыхуэ зэрыхъунрэ куэд щIэкIуэ зегупсысыр. Сызыхуэхьэуар мыращ: цIыхуцIэ зиIэм къигъэщIам и лъагъуэхэш хъуахэм дыдейхэри хэгъэхьэн хуейщ. Япэ лъэбакъуэкIэ иужьрей илъэси 100-м тчыуэ щIэддзауэ аращ дэ. Кавказыр зэуэным къыхуалъхурт, цIыхухъхэм ящыщу илъэс 30 къэзымыгъащIэр куэдт. ЦIыхум зиужьын щыщIидзэр а ныкьэрт, адыгэм я дуней тетыкIэр хъапщтэмэ. Ауэ абы къэмысу зауэ губгъуэм икIуадэрт. Аращ унэ тэмэм щIыдимыIари тхылъ зытхын къыщIытхэмыкIари. А зауэм къыша насыпиншагъэхэр куэд мэхъу.

Совет властым иригъэкIуэкIа лъэпкъ политикэм и фIыгъэкIэ щIэныгъэм урысыбзэкIэ дыхьэхэри (абы и пэкIэ тэтэрыбзэкIэ, хьэрыпыбзэкIэ дыпсалъэу щытащ), зыдужьу щIэддзащ. Дауи, дийащ Нэгумэ Шоро, Къаз-Джарий, Хьан-Джрий сымэ. Сэ зи гугъу сщIыр лъэпкъ псом тхьибзэ иIэ щIыхьуращ. Сыхуейт а лъагъуэхэш хъуахэр нэгъуэщIхэм ябгъуфIэгъуэзэну.

США-м я Конгрессым и библиотекэм тхылъ мелуани 158-рэ щIэпIащ, Британие музейм и библиотекэм - мелуани 150-рэ. Ди къэралым и библиотекэ нэхъ ин дыдэм, Лениным и цIэр зезыхьэм, мелуан 50 иIэу аращ. Зи Iуэху зесхуэр мы библиотекэхэми нэгъуэщI къэралхэм ейхэми яIэрыгъэхьэнращ мы энциклопедиер. Мыбы итщ адыгэм я тхыгъэ 300-м нэс, балъкъэрхэм я тхыгъуэу 60-м щIигъу - и къуэшщ, дызэддопсэу, дызэдэпсэунущ игъащIэкIэ.

- Сэфарбий, тхылъыр къыдэбгъэкIынри иджы а уэ жыхуэпIэ библиотекэхэм яIэрыбгъэхьэнри ахъшэшхуэ зытекIуадэ Iуэхущ. Абы щыгъуэми, энциклопедиер пщэн бдзэркъым, щIыхухэм уахуоупсэ.

- Энциклопедием сом мин 200 ихьащ. Хьэкъун Тимур и фIыщIэщ тхылъыр дунейм къызэрытехьар. Тимур экономикэ щIэныгъэхэм я докторщ, хьэрычэтыщIэщ, Москва щопсэу. Абы Къэбэрдейм щэнхабзэ и Iуэхукъэ хуабжу зыкъыщIегъаныуэ. Зэгуэр Хьэкъунхэ я тхыдэр яхуэстхыжауэ щытати, абы лъандэрэ Тимур фIыуэ соцIыхуу, дызэкIэлъокIуэ. Апхуэдэ цIыхухэр диIэу «адыгэр дыхокIуздэж» жаIэу зэдэнуэным, сыту жыпIэмэ апхуэдэ цIыхухэр зи куэд лъэпкъ дунейм теткъым.

- Сэфарбий, лъагъуэхэшу къэпльытэхэмкIэ уарэзы къэзмэрэ тхылъыр къыдэкIа нэужь къыщыщIэупща къыкъуэкIыжа?

- КъыкъуэкIыжащ, къыкъуэмыкIыжынкIи Iэмал иIакъым. «Великие личности и ценности. Мир острой критики» энциклопедием сыщIелэжьам тхылъ напэу зэзгъэдзэкIам щIэ щIэткъым. Си Iэрытхэр къэпкIэ схьыри архивым естащ, мы иужьрей тхылъымкIи Iэрытхэр зэрынэхъ мащIэ щыIэкъым. Ар щIыжысIэр куэд зэбгъэзэжуэн, зэкъуэбгъэкIуэн хуей зэрыхъурщ.

- ЭнциклопедиемкIэ кIэщIу икIи гурыIуэгъуэу адыгэ лъэпкъым и тхыдэм утепсэлъыхьащ. Сыт жеплIэр дэ дыкъэзымыщIыхуэхэм?

- Тхыдэм теухуауэ адыгэм ди цIыхэр зыхуэдгъэлъэхъшэн дунейм теткъым. АтIэ, ди къэрал цIыхэм. Iуэхум къыщIэзыгъалъэу егупсысыф щIэныгъэлIхэм зэрыжаIэмкIэ, адыгэр хетхэм къаохэкIащ. Ди эрэм и пэкIэ XVIII - XV лIэщIыгъуэхэм дунейм тетащ ахэр. Алыджхэм я лъэныкъуэкIэ кьикIа «народы моря» жыхуаIэхэм ягъэлъэлъащ а лъэныкъуэкIэ, езы хетхэри зэрызэгурымыIуэр абы хьихьэжри, кьутэгъуэфIэ хъуащ. Тхьибзэ ипэ дыдэу кьезыгъэжьар хетхэращ, Индием къыщегъэжьауэ Атлантикэм нэсу, Средиземнэ хъум (Египетыр жэмыту) къыщегъэжьауэ Балтикэм нэсу а щIы абрагъуэм лъэпкъ дащIу исами, зи бзэм итэ дыдэу тхьибзэ хузэхэзылъхьар хетхэращ. Ауэ Хет къэралыгъэр щызэтраекъутэм, лъэпкъыр адэ-мыдэкIэ хэгъэша хуэхэщ, ахэм ящыщ зым дэ дыкъытепщIыкIыжауэ аращ. Тхьибзэри тфIэкIуэдащ, зэ зы диным, зэ нэгъуэщIым дихьэурэ. Арати, IуэрыIуэтэм дыкъыхуэнащ, Iуэрыйуэтэ гъуэзэджэм. Иуанькъуэ Нурбий, Тхьэр арэзы къыхуэу, нартыр адыгэм зэрейр гъуэзэджэу къигъэльэгъуащ. Ауэ къущхьэхэм, балъкъэрхэм, ингушхэм, кIэщIу жыпIэмэ, ди гъунэгъу лъэпкъхэм «Эпос народов Кавказа» жаIэу ар зэрагъэм пэж хэлъщ, сыту жыпIэмэ щэнхабзэ ягу ирихьыр зыщIащтэ хабзэщ, езыхэм ейуэ зыгуэркъэ хагъэувэурэ. Къуажапщэм къыщежьа псалъэмакъыр къуажэкIэм нэгъуэщIыр нос зы махуэм. Ар щIыжысIэраци, нартри адыгэри къыщежьар Хет къэралыгъэрщ, Къуэкъыпи Анадолэм щыIащ, нобэми археологхэр абы щолажьэ, къапщтэмэ, тхыгъэ зытет гуэркэр къатIэщIыж.

- Уэри бощIэ ар, Сэфарбий, щIэныгъэлIхэр куэд щIауэ иризодауэ ар зи щэнхабзэ щIэным теухуауэ. Иджы, ятхым тепщIыхьмэ, ар адыгэр къызытекхуэкIам я Iэужьу зэрыщытым куэдри еувэлIащ, дауэныр щызымыгъэта щыIэмэ.

- Куэд зэбгъэпщэн хуей мэхъу мыпхуэдэ тхылъ ущелэжькIэ, уэри уи псалъэ жыпIэну Iэмал къует.

Литературэм теухуауэ куэд итщ мы тхылъым. Къапщтэмэ, ПащIэ Бэчмырзэ и лэжьыгъэр кьанэ щымыIэу къэзыхутауэ сэ къэслъытэр Нало Заурщ. Адыгэ тхыкIэм, тхыбзэм и лъабжьэр зыгъэтIылъар Бэчмырзэщ. Ауэ литературэр нэхъ зыубгъуауэ къапщтэмэ - ЩоджэнцIыкIу Алийщ япэр. Мис апхуэдэурэ тхылъым кьыщыгъэлъэгъуащ адыгэбзэкIэ япэ поэмэ зытхар, тхыгъэ цIарыIуэ гъуэ ящыщ адыгэбзэм къизыгъэзэгъар, апэ драматургыр, ди къафакIуэ гъуэзэджэхэр, адыгэ фащэр. Къапщтэмэ, ар дыдимеиуэ зэрыт энциклопедие гуэрхэр кьыдэкI хьуащ.

- Уеблэмэ мыбдежи ущрохьэлIэ ар нэгъуэщI лъэпкъым «езыгъэтыжыну» хуейкэмэ.

- Москва къыщыдэкIа энциклопедие гуэрым «черкеска» жиIэу итщ, ауэ я щхьэр ягъэлэжьэну хуэмейрэ е ящIэуэрэ ятхрэ, Кавказым щыпсэу лъэпкъхэм я фащэущ зэритыр, ар къэзыгъэщIа лъэпкъэр зыкIи кьыхэмыгъэщауэ. Апхуэдэхэм дапэщIэуэрэн хуейщ. Дэ ди КонституцэмкIэ дыхуитщ ди щэнхабзэр тхъумэжыну, дгъэбзэгъуэну. НэгъуэщI зы щапхъэ. Тамбуктэан гуэлыр Ставрополь крайм ейуэ итщ энциклопедием. Абы къикIыр ди республикэм и щым щыщ трахам хуэдэу аращ. Апхуэдэ Iуэху, дауи, зыми зэриухуакъым икIи зэрихузэркъым, ауэ щIэныгъэ зыхуэмыкьум и фIэщ хъунущ. Апхуэдэхэм япэщIэувэн хуейщ щIэныгъэмрэ щэнхабзэмрэ я хабзэкIэ. А щыуагъэхэр щызэгъэзэхуэжа тхылъ щымыIэу хъункъым.

- Сэфарбий, уи тхылъым ихуа лъагъуэхэшхэм ящыщу хэт нэхъ гъэщIэгъуэн къыпщыхьуа уэр дыдэм?

- Ар упщIэ гугъущ. А япэу лъагъуэ хэзышам и ужьым ирикIуам тIукIэщыкIэ нэхъыбэ зыщIа къахэкIащ. Ауэ япэ лъэбакъуэр сытым дежи нэхъ гугъущ. Щэнхабзэри лъэпкъри зэтезыбгъэжьар бзэращи, ПащIэ Бэчмырзэрэ Щоджэнцыкlу Алийрэ яхуэзэфIэкIар зыхуэбгъадэ хъун щыIэкъым. Адэкlэ уIэбэрэ, XIX лIэщIыгъуэм Нэгумэ Шоро хэпхмэ, ущIауэ дыкъонэ. Зыри диIэкъым. Хьэмэ хэтщтэнщ Къаз-Джарий. Пушкин къыпщIытхъун жыхуэпIэр! Дэ къыщIгуфоIуэ: пащтыхым имыдэн абы итхакъым, ауэ этнографием, нэгъуэщIхэм теухуауэ лэжьыгъэ гъуэзэджэ къигъэнащ.

Мыдэкlэ театрыр къэдгъащIи, ар адыгэм къахуэзIуэзыха ДыщэкI КIуэнэ сымэ димыIауэ къызыщIгъэжьыт, хьэмэ ди къэфакIуэ гъуэзэджэхэр, «Победа» кинотеатрым Атэлыкъхэ Жанусэрэ Асльэнджэрийрэ тращIыкIуэ тет фэеплъыр. Политикэм я фэеплъэр щIым тетщ, абыхэм ейр уафэм етащ - культурэм нэхъ лъапIэ, зыхуэсакъыкI хуей щIыкIэщым, жыхуаIэ щIыкIэр. Ахъэр дыщIэкIынэм щIыхуэхщ, зыщыдгъэгъупщэнкIэ Iэмал зимыIэщ.

**- Сэфарбий, мыбдеж уэрыщысым щхьэкIэкъым щIыжысIэр, ауэ журналистым и насыпкIыхьынкIэ хъуну псэльэгъуэхэм ущыщ: тхылъыр уи Iэпэгъуэ дунейм утетщи, жыпIэн уиIэщ. Тхыдэм, философием ущыхьэпрыкIыжри, энциклопедие къыдэбгъэкIащ. Ари етIуанэу. Япэр «Великие личности и ценности. Мир острой критики» зыфIэпщэращ. Ахэр зэрыщIэжьыгъэшхуэр къэплъыгъэмэ, уэри лъагъуэхэм ущыщ: тхылъыр уи Iэпэгъуэ дунейм утетщи, жыпIэн уиIэщ. Тхыдэм, философием ущыхьэпрыкIыжри, энциклопедие къыдэбгъэкIащ. Ари етIуанэу. Япэр «Великие личности и ценности. Мир острой критики» зыфIэпщэращ. Ахэр зэрыщIэжьыгъэшхуэр къэплъыгъэмэ, уэрэ

● Фильмыщ1э

Гъащ1эм и гъуджэ

Ди щ1ыналъэм и кинематографием екъэл1а Iуэху гуапэ Налшык щек1уэк1ащ - Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щ1ыналъэм и республикэхэм щытраха «По небу босиком» фильмыр яп1э утыку къыщ1рахьащ. Жанрк1э фильмыр мелодрамэщ. Режиссёрри сценарийр зытхари Къэбэрдей-Балъкъэр, Адыгэ, Осетие Ипщэ республикэхэм щ1ыхь зи1э я артист, уэрэджы1ак1уэ Хъыжырокъуэ Сулът1анщ, продюсерхэр Къардэн Резуанрэ Безыр Ас1ынрэщ, операторыр Сютким Александрщ.

ФИГУ къэдг1эк1ыжынщи, «По небу босиком» фильмыр 2014 гъэм и гъэмахуэм Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щ1ыналъэм и хэгъэгухэмрэ Тыркумрэ (Истамбул къалэм) щытрахын ирагъжьащ. Абы къыщыгъэл1ъэгъуащ щ1ынал1эхэм я щ1ыпл1э нэхъ дахэхэр, туристхэм нэхъыбэу зыщагъэпсэухэр. Апхуэдэщ, Европэм и бгы нэхъ л1агэ Iуащхьэмахуэ, Европэм щ1ынэхъ ин дыдэхэм хабжэ, Осетие Ищхъэрэм щ1ы1э Мидаграбинскэ псыкъел1эхэр, «Шэшэным и гур» мэжджыт иныр, нэгъэущ1хэри.

Л1ажьыгъэр яп1эщ1ык1э утыку къыщрахьащ Мэхъэчкъал, Москва, Владикавказ, Ставрополь, Мейкъуап1э, Налшык къал1эхэм я киногъэл1эгъуап1эхэм. Къыкл1эпык1уэу Урысейм и нэгъэущ1, къал1э 57-м щагъэл1эгъуащ. Апхуэдэхэщ Санкт-Петербург, Тюмень, Красноярск, Адлер, Краснодар, Сочэ, Анап1э, Туап1эсы, Новороссийск, Геленджик, Шахты, Дон Iус Ростов, Невинномыск, Минводы, Псыхуабэ, Есэнт1ыгу, Кисловодск, Черкесск, Нэзрэн, Грозн1э, Красноземск, Щелковэ, Кострома, Курск, Пензэ, Самарэ, Рязань, Волгоград, Улан-Удэ, Иркутск, Челябинск, Омск къал1эхэр, нэгъэущ1хэри. Къ1ужы1апхъщ фильмым щ1эупщ1эшхуэ зэриIэр. Дыгъэгъазэм и 17-м ар Налшык я1эу щ1ыщагъэл1эгъуам щ1ыху минитым нэблагъэ зэхуиш1эсащ.

Фильмым роль нэхъыщхьэхэр щагъэзащ1э Кокаев Аланрэ (Владикавказ къал1э) Къэрэгъул Миланэрэ (Налшык къал1э). Абы щыджэгъащ ди хэкуэгъу уэрэджы1ак1уэ ц1эриIуэхэу Къэзан Сэтэнийрэ Ефремов Амирамрэ, апхуэдэу «Мираж» гуп ц1эриIуэм и уэрэджы1ак1уэу щыта Гулькинэ Натал1ье, Щоджэнц1ык1у Алий и ц1эр зезыхь Къэбэрдей къэрал драмэ театрым и артистхэу К1эмыргуей Валентин, Шыбзыхьуэ Басир, Къунымк Алим сымэ, артист, режиссёр, журналист Iусейн Олег, КъБКъУ-м гуэдджэхэмрэ хъыбарегъащ1э Iэмалхэмк1э и факультетым и декан, пародист Дым Елдар, актрисэ Байзуллаевэ Розэ, Хъыжырокъуэ Сулът1ан, нэгъэущ1хэри. Фильмым хэтащ «Кабардинка», «Каллисто» къэфак1уэ гупхэм щыщхэр. Къэзан Сэтэней фильмым щигъэзащ1э, куэдым ягу дыхьа «Гущэкъу» уэрэдым и макъамэр Лосэн Тимур итхащ. Апхуэдэу композитор Къэбэрдокъуэ Мурат и макъами фильмым къыщагъэсэбэпащ. Уэрэд зыбжанэм ящ1эльэ псалъэхэр Терская Еленэ итхащ.

Л1ыхъужь нэхъыщхьэхэм я щхьэм кърик1уэну Iэхугъуэхэм ухэзышэу фильмым къыщ1едзэ мы пэублэ псалъэхэмк1э: «Щхьэусыгъуэнш1эу ди гъащ1эм зыри къыщымыхъуэу, ц1ыхум и нат1эм къритхам ф1эмык1ыу жа1э. Махуэ къэс ди гъащ1эм ц1ыхущ1эхэр къыхохьэ. Я1ынык1уэхэр псынщ1эу тпэ1эщ1э мэхъу, адрейхэр гъащ1э гъусэ тхуохъу. Дапхуэдэу мыхъуми, зэрымыщ1эк1э дызрихьэл1э ц1ыхухэм яхэтщ ди псэук1эм, гупсысэк1эм куэду зезыгъэхъуэжхэр...». Псынэпсым хуэдэу къабзэ л1агъуныгъэ зи зэхуаку къыдэхуа я л1агъуныгъэ ныбжьыщ1итI1ым, зэман докIри, зэхуащ1а гухэл1ыр, абдж п1ащ1эу, мэщ1ащэ, я ныбжьэгъугъэми йопщ1ыжхэр, я гуфIэгъуэм гузэвэгъуэк1э зыззэрехьэк1, езыхэр зэрымыщ1ыхухэу гъащ1эм къыщ1регъэдзык.

Щ1ал1эгъуал1эм я1ауэуэ, макъамэрэ къафак1э гъэнщ1а «По небу босиком» фильмым и сюжетыр гъащ1эм и гъуджэ п1ал1ытэщ, узыгъэгупсысэщ. Нык1ыщ1итI1ым я зэхущытык1эхэр, егъэлеиныгъэ л1эпкъ хэмыл1ъу, гъащ1эм и пэжыр зэрыщ1ат дыдэм хуэдэу а гъуджэм къощ. Фильмым апхуэдизк1э узыщ1ешэри, л1ыхъужь нэхъыщхьэхэм екъул1эныгъэ щ1ал1эк1э удогуфIэ, гузэвэгъуэ къащ1ылъыкъуэк1ы1э удонэщхъей, я1ынык1уэхэм и деж уи нэпс къыпфек1ыуэ апхуэдэщ.

Куэдым зезыпщыт, гъащ1эм нэхъыбэж щ1ыззэыгъэхъул1эну зи мурад л1ыхъужь нэхъыщхьэхэм - Битрэ (Алан) Капеллэрэ (Миланэ) - я ныбжьк1э зэрыщ1ал1эм къыхэк1ыу, дуней псор я I эмыщ1эм и1ыу, хъуэпсап1эу я1эр къеХъул1эну, зыхуэк1уэ гъуэгуанэ псори зэ1ухауэкъащохъу. Къэбгъэльэгъуэмэ, Бит быдзу и фIэщ хъурт хужьымрэ фIыщ1эмрэ хуэзэхэгъэк1ыу, ауэ зэман дак1ыу и гъащ1эм зэхъуэк1ыныгъэр къыщыщыхъум, а гупсысэм зригъэхъуэжащ, гъащ1эм нэгъуэщ1ынэк1э иригъэпл1ыжащ.

Кавказым и щ1ал1эгъуал1эм я нобэрей гъащ1эр, я псэук1эр, я зэхущытык1эхэр, дунейм къыщыхъу Iуэху зэ1ымыбзхэм зэрагъэгуэавэр, л1эпкъ хабзэхэм зэрытетыр, я нэхъыжьхэм пщ1э зэрыхуащ1ыр фильмым къыщызэщ1экъуащ. Нэхъыщхьэраци, абы и л1ыхъужьхэм зыхащ1э л1агъуныгъэм и къарур зыхуэдэр.

«Дея Синема» киногъэл1эгъуап1эм «По небу босиком» фильмыр яп1э утыку къыщрахьа нэуэ, абы и режиссёр-сценаристыр, продюсерхэр, л1ыхъужь нэхъыщхьэхэм я ролхэр зыгъэзэщ1ахэр журналистхэм я1ущ1ащ. Артистхэр тепсэл1ыхьащ фильмым зэрырагъэблэгъа хъуам, абы зэрыщ1ыджэгуам.

Фильмым епл1ахэми апхуэдэ мурад зи1эхэми пресс-конференцым зыкъ-рагъэхьэл1ащ. Журналистхэм щ1адзэк1уэу абы-хэми упщ1эхэр я гъунэжт. Щ1ал1эгъуал1эм я фIэгъэщ1эгъуэнт «По небу босиком» фильмым и ц1эр къыхаха зэрыхъуар, абы иджыри къыпащэнрэ къыпамыщэнрэ, мылъкуу текIуадэр зыхуэдизыр, артистхэм л1эпкъ фащэкэр щ1ащымыгъам и щхьэусыгъуэр, я гъэзэщ1а ролхэм я щхьэхуэнгъэхэр, фильмыр хамэ къэралхэми щагъэл1эгъуэнрэ щамыгъэл1эгъуэнрэ, нэгъуэщ1хэри. Зэрыжа1эмк1э, гупым ет1анэгъэ зи жанрк1э комедиер зы фильмым фи-лософиер зи л1ыхъжьэ нэгъуэщ1 зырэ къыдагъэк1ыну я мурадщ. Нэхъ упщ1э гъэщ1эгъуэн, щ1эщыгъуэ зытахэм «По небу босиком» дамыгъэр зытет саугъэтхэр тыгъэ хуащ1ащ. Фильмым зэрепл1ыну билетыр executive class-ыр, профессиональ ныгъэхэмк1э ирагъэжьащ папщ1э насыпырыхь джэгур яублащ. Зи к1эн къик1ахэм саугъэтхэмк1э яхуэупсащ.

Пшыхьыр яг1эдзкащ республикэм и уэрэджы1ак1уэхэу Цокл1ап Азэмэт, Уэзрокъуэ Чэрим, Третьяк Татьянэ, К1ыщ1э Ислъамрэ Каринэрэ, нэгъэущ1хэми.

КъБР-м щэнхабзэмк1э и министр К1ымахуэ Мухьэдин и псалъэм къыхигъэщащ фильмыр и к1эм нэсу трамых щ1ык1э епл1ыну I эмал зэри1ар, абы щыгъуэми игу дыхьауэ зэрыщ1атар, и ныбжьэгъу, ц1ыхугъэ псори епл1ыну къызэрыхуриджэр. Абы хэтахэм, зи зэфIэк1 хэзыл1ьхьахэм я мурадхэр къазэрехъулIар К1ымахуэм яжриащ и к1и дяпэкIи ехъул1эныгъэ куэд я1ыну ехъуэхъуащ.

Фильмым хэтахэм, абы елэжьахэм, епл1ьахэм Хъыжырокъуэ Сулът1ан фIыщ1э хуащ1ащ. Къыхагъэщащ ар, и I эщ1агъэк1э мырежиссёрми, зызрипщыта л1эжьыгъэм зэрыпэл1эщ1ар, зэфIэк1рэ къарууэ и1эр Iуэхум егугъуу зэрырихьэл1ар. Апхуэдэуи щ1агъэжащ фильмыр псоми я зэхуэдэ ехъул1эныгъэу зэрыщ1ытыр, ц1ыхухэм а л1эжьыгъэр къыдалыгъэну зэращ1агугъуэр. Хъыжьырокъуэм «Дея Синема» кинотеатрым и унафэщI Шыбзыхъуэ Мухьэмэдрэ абы и л1эжьак1уэхэмрэ фIыщ1э я1ауищ1ащ и к1ыхигъэщащ къэралым адэк1э зак1ыщ1игъэкъуэну зэрыщ1агугъуэр.

1991 гъэ л1ындэрэ ди щ1ыпл1эм кино зэрыщ1трамыкъар къэпл1ыытэмэ, ц1ыхухэр куэд щ1ауэ зыщ1эхъуэпс, зыхуэныкъуэ л1эжьыгъэу фильмыр зэрыщ1ытыр гурыIуэгъуэщ. Кинематографием яп1э л1ъбакъуэ тегушхуэу хэзычахэм, фильмым елэжьахэм дяпэкIи ди щ1ынал1эм, Кавказым и кином хэл1ъхэныгъэфIэхэр хуащ1ыну, я зэфIэк1ым хагъахьуэу а унэтIыныгъэм зрагъэжьыну, ирагъэфIэк1уэну дащ1огугъ.

ТЕКIУЖЬ Заретэ.

Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

Лосэн Тимур и псалъэ

Налшык къалэм и сабий гъэсап1э №40-м Илъэсыщ1э псейм гуфIэгъуэ зэхыхьэ щращ1эк1. Сабийхэр усэхэм къуджэ, уэрэдхэр жа1э, театр теплъэгъуэхэр яг1ал1ъагъуэ. Уае Дадэмрэ Уэс Гуащэмрэ абыхэм саугъэтхэмк1э яхуоупсэ.

Сурэтыр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

● Узыншагъэ

Нэхъыф1хэм хабжэ

Щ1ыныгъэхэмк1э Урысей академием и академик, Дэ1эпыкъуэгъу псынщ1эмк1э щ1эныгъэ-къэхутак1уэ институтым, Склифосовскэм и ц1эр зезыхьэм, и профессор, Урысейм и нейрохирург нэхъыщхьэ Крылов Владимиррэ Москва къалэм узыншагъэр хъумэнымк1э и департаментым и нейрохирург нэхъыщхьэ, профессор Гринь Александрэ нейрохирургиемк1э мастер-классхэр щатащ Республикэ клиникэ сымаджэщым Лъынтхуэ узыфэхэм щ1ез33э и щ1ынал1э центрым.

КРЫЛОВ Владимир мастер-класс итыну мы гъэм иджы епл1анэрэ къокIуэ Налшык. Кавказ Ищхъэрэм Нейрохирургиемк1э п1ал1э къызыхэк1 мыхъуну щ1эныгъэ-практикэ конференцыр щрагъэк1уэк1а зэманым щегъэжьауэ абы и нэ щ1этщ Республикэ клиникэ сымаджэщым Лъынтхуэ узыфэхэм щ1ез33э и щ1ынал1ъэ центрым и л1эжьыгъэр. Профессорым зэрыжи1эмк1э, центрым операцэ щащ1 и пэшхэр Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щ1ынал1эм щ1ы1эхэм я нэхъыфIщ.

Ил1эсым ирагъэк1уэк1а л1эжьыгъэхэм кърик1уахэм я гугъу щищ1ым, Урысейм и нейрохирург нэхъыщхьэм къыхигъэщащ хирургие и л1эныкъуэк1э ирагъэк1уэк1 I эхуэхэм т1ук1э зэрыхэхъуар. «Нэгъабэ пщэм, щхьэм екIуал1э л1ынтхуэхэм епха узыфэхэр зи1э сымаджэхэр операцэ я1ущ1ыртэкъым, - къыхигъэщащ абы. - Мы гъэм апхуэдэ операцэу 100-м нэблагъэ ирагъэк1уэк1ащ. Т1ук1э нэхъыбэ хъуащ щхьэ куц1ым л1ы зрик1уэу и1э л1ынтхуэм трищ1э шыкъырым епхауэ я щ1 операцэхэр. Мыхьэнэшхуэ и1эщ аxэр щащ1к1э микрохирургием и мызакъуэу, эндоваскулярнэ I эмал хэр къызэрагъэсэбэпым. Дэ ди мурадщ ди зэдзэл1эжьыгъэм хирургием и нэгъэущ1 унэтIыныгъэхэмк1и зедгъэужьыну ик1и дыхьэзырщ Къэбэрдей-Балъкъэрым и I эщ1агъэл1хэм я зэфIэк1ым хэдгъэхъуэну».

Нейрохирургиемк1э мастер-классым кърихьэл1ащ Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щ1ынал1эм и республикэхэм я хирургхэр. А махуэм операцэ хьэл1ъу пл1ы ирагъэк1уэк1ащ.

КъБР-м и Правительствэм и Унафэщ1ым и къуэдзэ - узыншагъэр хъумэнымк1э министр Щэт Ирмэ нейрохирургиемк1э урысей I эщ1агъэл1 пажэхэм фIыщ1э я1уи щ1ащ республикэм узыншагъэр хъумэнымк1э и I энатIэм зэрыщ1агъэкъуам, Л1ынтхуэ узыфэхэм щеIэзэ центрым и зыужьыныгъэм я гуащ1э зэрыхал1ьхьэм папщ1э. Министрым къыхигъэщащ медицинэ I эхэутхэзэ зэхэм я фIагъым адэк1и хагъэхъуэныр, Склифосовскэм и ц1эр зезыхьэ щ1эныгъэ-къэхутак1уэ институтым хуа1э пыщ1эныгъэр нэхъри щ1агъэбыдэнырэ Республикэ клиникэ сымаджэщым зыхуигъэувыжа къалэм нэхъыщхьэхэм зэращ1ыщыр.

КъБР-м Узыншагъэр хъумэнымк1э и министерствэм и пресс-Iуэхущ1ап1э.

● Фыщ1э

Псэр зыгъэтынщхэр

Гу къабзэк1э лэжьыгъэм пэрытхэр мащ1э-куэдми ди1эщи, апхуэдэхэр щап-хьэу бгъэл1эгъуэным емык1у пылъхъым. Псом хуэмыдэу ц1ыхум я узыншагъэр зэтезыгъэувэж дохутырхэм нэхъ щ1эхщ1эхыурэ я гугъу тщ1ын хуейуэ къыщ1эк1ынщ.

ТЭРЧ район сымаджэщым неврологиемк1э и къудамэм и унафэщI Дэцырхъуей Таисэрэ абы и лэжьэгъуэхэмрэ хуэдэ ц1ыху гуапэхэм уи щхьэ епхьэл1энэр шынагъуэхъум, сыт хуэдэ упщ1э уи1эми зэхэщ1ык1ыгъэуэ, къыпхуэтэмакъык1ыхьу къопсалъэри. ГурыIуэгъуэ къыщ1эк1ынщ: апхуэдэхэр дохутыр къудейкъым, ц1ыхум и псэр зыгъэтынш лэжьак1уэхэщ.

Ди зэушшагъэм зэрыкъ1ыыдгъэплъа п1ал1э к1эщ1ым ахэр я лэжьыгъэк1и ц1ыхугъэк1и дигу къызэрыдихьар зыхуэдэр къэ1уэтэгъуейщ. НэфIэгуфIэу пщэдджьжь къэс къытхьихьа дохутырхэми пэшхэр зэ1ыл1уэныхэмэ фIыщ1э яхудощ, я къару емыблэжу я лэжьыгъэр нэсу зэрагъэзащ1эм папщ1э.

I эщ1агъэм бзэ дахэ щ1ыгъужмэ, ар ц1ыхум хуэзфIэк1ыныкъэ я нэхъыщхьэщ, апхуэдэ I уэху бгъэдыхьэк1эр зэтезыбл1эфа Дэцырхъуей Таисэрэ ар зи пашэ гупымрэ дехъуэхъуну дыхуейт Ил1эсыщ1эм ёхъул1эныгъэщ1эхэр я1эну, езыхэри я I ыхьлыхэри узынщэну.

Уэлджыр Людмилэ, Багъэтыр Эммэ, К1уантI э Джульеттэ, Сейтимбетовэ Рае.

● Футбол

Бэч Руслан пщ1э хуащ1

Къэбэрдей-Балъкъэрым и «Спартак-Налшык» футбол клубым илъэс 80 юбилейр мы махуэхэм игъэл1эп1ащ. Къыщал1ьхуа махуэмрэ командэм и юбилеймк1э ди гъущхьауэ ц1эрыIуэ Бэч Руслан ехъуэхъащ командэм и спорт директор Гъубж Вячеславрэ илъэс куэдк1э гупым и капитану, спорт директору щыта Зарецкий Александрэ.

БЭЧ РУСЛАН 1953 гъэм дыгъэгъазэм и 22-м къал1ъуащ - гъуащхьауэщ, футбол тренерщ. 2006-2011 гъэхэм ет1уанэ лигэм щек1уэк1 зэ1ущ1эхэм я инспектору л1эжьащ.

Топ джэгуныр Бахъсэн къалэм и командэм щыщ1идзащ. 1976 гъэм ар къраг1ъэбл1эгъащ Налшык и «Спартак»-м. Республикэм и командэ нэхъыщхьэм хэту Руслан ил1ъэсипщ1к1э утыку къихьащ и к1и топ джэгуныр 1985 гъэм щигъэтыжащ. Псори зэхэту Бэчыр «Спартак»-м я зэ1ущ1э 300-м щ1игъум хэтащ. 1985 гъэм и шыщхьэ1уIэм и 22-м ди командэм Мейкъуап1э и «Дружба»-м дригъэк1уэк1а зэ1ущ1эм Руслан клубым и тхыдэм къызэрыхэнэжьи I эхуэгъуэшхуэ щигъэзэщ1ащ - «Спартак»-м хэту и хьэрхуэрэгъуэхэм я гъэм яп1э дыдэу топи 100 дигъэк1ащ.

Ил1эсихк1э Бэчыр командэм и гъуащхьауэ нэхъыфIу къал1ытащ. Зы гъэ джэгугъуэм къриубыдэу топ 26-рэ зэрыдигъэк1ам ил1эс 16-к1э зыри къефIэк1ыфак1ым.

«Спартак»-м и тхыдэм Руслан футболист нэхъыфIхэм ящ1ыщ къыхэнащ. 2012 гъэм Урысей Футбол Премьер-Лигэм абы къыхуигъэфащащ «Футболым зеГъэужьыным хэл1ъхэныгъэ зэрыхуищ1ам папщ1э» медалымрэ дамыгъэмрэ.

«Спартак-Налшыкым» и л1ык1уэхэр футболист ц1эрыIуэм, тренерым гуапэу ехъуэхъащ и командэм и юбилеймк1э ик1и КъБР-м Спортымк1э и министерствэм и щ1ыхь тхыл1ъэ саугъэтхэмрэ иратащ. Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымк1э и федерацэм щхьэхуэу игъэува «Клубым и легендэ» дамыгъэр Бэч Руслан къыхуагъэфэщащ.

КЪЭХЪУН Бэч.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр

Жыласэ Заурбэч (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Жьэк1эмыхьу Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **Къардэн Маритэ, Нэщ1эпыдж1э Замирэ, Хъэжыкъарэ Алик, Щ1хьэщэмыщ1 Иэз.**

Езыгъэтхахэр

«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

Къыдэзыгъэк1эмрэ редакцэмрэ я хэщ1ап1эр

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КъУДАМЭХЭМ: политикэмк1э, жылагъуэмрэ л1эпкъ Iуэхуэхэмк1э - 42-22-86; къуажэ гъащ1эмрэ экономикэмк1э - 42-57-59; щэнхабзэмк1э - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъумэ Iуэхущ1ап1эхэм ядэлэжьаныгъэмк1э - 42-60-53; хъыбарыщ1эхэмк1э, спортымрэ письмохэмк1э - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щ1эныгъэмк1э - 47-32-15; зэдзэк1ак1уэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Iуэхущ1ап1эм -42-26-41; суэрэтехым - 42-75-78.

Теддэ тхыгъэхэм къыщ1ыхьа бжыгъэхэм, къыщ1эта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымк1э аxэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еп1ык1эр зэтекIу зэпыту щытк1ым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэл1ыц КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщ1эныгъэхэмк1э и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 1994 гъэм мэкъуауэгъуэм и 14-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымк1э Къэбэрдей-Балъкъэр щ1ынал1э Iуэхущ1ап1эм №Н-0065-м щ1эту я1тащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдок1.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ. КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33

Мы къыдэк1ыгъуэм елэжьахэщ: **жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ К1ащ1окъуэ Эл1э, редактору Нэщ1эпыдж1э Замирэ, корректорхэу Щ1оджэн Заирэ** *(1, 2-нэ нат.),* **Щ1хьэщэмыщ1 Иэз** *(3, 4-нэ нат.), корректорхэм я дэ1эныкъуэгъу* **Елмэс ФатIимэ.** *Компьютерк1э газетым и тепл1эр ящ1ау* **Дол Маринэ, Ныр Сандэ, Мэзбахъуэ Анжелэ, Бещто Оксанэ,** *суэрэтхэм елэжьар* **Биц Жаниэщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер I энатIэм щагъэхъеящ.

Газетым I э традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.30-рц.

Индексыр 51531 ● Тираж 3.167 ● Заказ №2168